O’zbekistan Respublikasi joqari ha’m worta arnawli bilimlendiriw ministriligi.

A’jiniyaz atindag’i No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti

Baslawish ta’lim kafedrasi

Abdinaimova Elmira Jubatkanovna

# Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na ga’p du’zi’wdi’ ha’m woni’n’ tu’rleri’n u’yreti’w usi’llari’.

## Pitkeriw qaniygelik jumisi .

Ilimiy basshi’: filologiya ilimlerinin’ kandidati, dotsent M. Yembergenova

Kafedra basli’g’i’: prof M. Ayi’mbetov

No’kis - 2016

**Tema: Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’na ga’p du’zi’wdi’ ha’m woni’n’ tu’rleri’n u’yreti’w usi’llari’.**

Jobasi’:

Kirisiw;

Jumi’sti’n’ uli’wma sipatlamasi’

I bap. Baslawi’sh klass woqiwshilari’na ga’p du’zi’wdi’ u’yreti’w usillari.

1.1. Jan’a pedagogikali’q talaplar boyi’nsha ga’p qurawdi’ u’yreti’wdin’ dasturiy yemes usi’llari’

1.2. Ga’plerdi wo’z - ara baylani’sti’ri’wg’a tiyisli ma’seleler (2-4 klasslar qaraqalpaq tili sabaqlari’ tiykari’nda)

II bap. Baslawi’sh klass woqiwshilari’na ga’p du’zi’wde woni’n’ tu’rleri’n u’yretiwde til iliminin’ barliq tarawlarina baylani’sli’lig’i.

2.1. Ga’p du’ziwdin’ worni’ ha’m a’hmi’yeti’.

Juwmaq

Paydalang’an a’debi’yatlar

<< Balalar ta’rbiyasi, barkamal a’wlad degende, biz O’zbekistannin’ ulli keleshegin na’zerde tutamiz.>>

I.A.Karimov

## Kirisiw

O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasinin’“Bilimlendiriw haqqinda” g’i Qaraqalpaqstan Respublikasinin’ “Ma’mleketlik til haqqindag’i” nizamlari ha’m “Kadrlar tayarlaw milliy da’stu’ri “ baslawish klasslarda qaraqalpaq tili sabag’inda woqiwshilardin’ til wo’risin wo’siriwde do’retiwshilik jumislardi alip bariw ma’selesine ayriqsha diqqat awdarip, ta’lim barisina jan’a pedagogikaliq texnologiyani ken’nen yendiriw, ta’lim-ta’rbiya barisin zaman talaplarina say qayta quriwdi, modernizatsiyalawdi talap yetpekte. Qaraqalpaq tilin u’yretiwdin’ wo’zine tan’ tiykarg’i printsipllerinin’ biri bul “til, wo’lshem, so’ylew ma’deniyati “ bunin’ tiykarg’i ma’nisi woqiwshilardi yerkin, do’retiwshilik penen so’ylewge u’yretiw, tildi u’yretiwde kommunikativlik bag’it tiykarg’i printsipke aylaniwi lazim.Wo’zin’izge ma’lim bolg’aninday, uzaq jillar dawaminda qaraqalpaq tilin (ma’mleketlik tillerdi ) u’yretiwde , ta’lim-ta’rbiya, bilimlendiriw tiziminde, tiykarinan tildin’ grammatikaliq qurilisin u’yretiw ha’m basqa da tarawlardi mexanikaliq yadlatiw usillari ken’en jayildi, al do’retiwshilik jumislarg’a woqiwshilardi yerkin ,, duris so’ylewge u’yretiwge uliwma itibar berilmeydi. Na’tiyjede wo’lshem ha’m so’ylew ma’deniyati itibardan shette qaldi.

Til uliwma qag’iydalar jiyindisi. Wol ha’mme ushin birdey xizmet yetedi. Til grammatikaliq ko’rinislerde, qag’iydalarda wo’z sa’wleleniwin tabadi. Wo’lshem tildin’ tan’lap aling’an , sinawdan

wo’tkerilgen bo’limi. Basqasha yetip aytqanda, wo’lshem tildin’ ishki imkaniyati . Til pikirdi jetkeriwde ko’birek imkaniyatqa iye. Bul imkaniyatlar wo’lshem arqali ju’zege keledi. So’ylew qaraqalpaq tilinde ta’lim aliwda  alinatug’in son’g’i na’tiyje. Demek, qaraqalpaq tilin u’yretiwde go’zlengen tiykarg’i maqset woqiwshilardin’  do’retiwshilik jumislar arqali til wo’risin wo’sirip so’ylewge u’yretiw bolip tabiladi. Bala tildin’ grammatikaliq qurilisin bilse, lekin a’melde, turmista wonnan paydalana almasa, bul  bilimler wonin’ basindag’i artiqsha ju’k boladi. Solay yetip, balani so’ylew iskerligine , so’ylew ma’deniyatina do’retiwshilik jumislar  arqali tayarlawg’a tiykarg’i itibardi qaratip, woni talap da’rejesinde ko’teriwimiz lazim.

Tilekke qarsi, ta’jriybede  ko’rgenimizdey bu’gingi ku’nde baslawish klasslarda woqiwshilardin’ tilwo’risin wo’siriwde do’retiwshilik jumislardi  alip bariw ha’m sho’lkelestiriw  yekonomikaliq ha’m sotsial-ma’deniy talaplarg’a juwap bermeydi.

Prezidentimiz   I.A.Karimov ayriqsha atap ko’rsetkenindey, << bizlerge mektep pitkeriwshiler yemes , al mektep ta’limin alg’an yerkin shaxslar kerek>>. Usig’an baylanisli bilimlendiriw diziminin’ tiykarin, fundamentn saliwshi baslawish klass woqiwshilari yerkin pikir ju’rgizetug’in , wo’z pikirin aniq rawan aytatug’in shaxs bolip jetisiwi lazim.  Til wo’siriw  jumislarin do’retiwshilik xarakterdegi shinig’wlarsiz ko’z aldimizg’a keltirip  bolmaydi. Balanin’ jeke insane bolip qa’liplesiwinde ha’m wonin’ wo’y-wo’risinin’, til baylig’inin’ jetilisiwinde  do’retiwshilik jumislarinin’ worni biybaha.

Solay yetip, magistrlik pitkeriw qa’niygelik pitkeriw jumisinin’ aktuallig’i sonnan ibarat. Ha’zirge ku’nge shekem baslawish klasslarda woqiwshilardin’ til wo’risin wo’siriwde do’retiwshilik jumislarg’a aytarliqtay da’rejede a’hmiyet berilmegenligi ha’m qaraqalpaq tilinde so’ylew barisinda joldasina, qorshag’an adamlarg’a wo’z pikirin jetkerip, pikir almasiw ushin shinig’iwlar sistemasin, do’retiwshilik jumislarin sho’lkemlestirip ha’m alip bariw metodikasin islep shig’iw bolip tabiladi.

Lekin bul mashqala boyinsha alim ha’m metodistlerimiz N.Z.Bakiva, I.V.Bazannikov, l.V.Zakkov, T.A.Ladijenskaya, N.S. Rojdestvenskiy, V.M.Asadulin, N.A.Xarkoz, N.Bayburtyan, N.A, Urimbaev , V.A. Mireeva, R.P.xvan, G.X. Jumasheva ha’m basqalardin’ miynetlerinde sa’wlelensede, tilekke qarsi, qaraqalpaq tilinde woqiwshilardin’ tilin wo’siriwde menen izleniw mashqalam boyinsha wo’z sa’wleleniwin aniq aship bermegen. Sonin’ menen birge, woqiwshilardin’ so’ylew ha’m uqip ko’nlikpeleri, bilim da’rejeside jan’a bag’darlamag’a wo’tkennen son’ da jaqsi na’tiyjeler bermedi. Bunin’ sebebi woqiw barisin baqlag’anda ko’rgenimizdey til wo’siriwge do’retiwshilik jumislarinin’ ha’r qiyli sistemalarinin’ islep shig’ilmag’anlig’inda. Bul wo’z gezeginde woqiwshilarda do’retiwshilik ko’nlikpelerinin’ izbe-izlik penen qa’liplesiwi, do’retiwshilik tapsirmalarinin’ a’te-aqirinliq penen qiyinlasip bariw, do’retiwshilik shinig’iwlarinin’ bag’darlama temalari menen baylanisi, printsiplerinin’ a’melge asiriliwina da keri ta’sirin tiygizedi.Bul woqiwshilardin’ so’zlik qorinin’ sheklengeninen awizsha ha’m jazba sawatlilig’inin’ to’men yekenliginen, ko’pshilik balalardin’ wo’z betinshe dialog ha’m monolog du’ziw tapsirmalarin

qiynalip worinlaytug'ininan, woqig'an ha'm yesitken tekstinin' mazmunin jetkere almawinan, su'wret yamasa  wo'zinin' jeke ta'siri boyinsha wo'z betinshe kishkene, qisqa tekst du'ziw usag'an tapsirmalardi da worinlay almawinan Derek beredi.

Juwmaqlap aytqanda bul mug'allimlerdin' sabaq barisinda ha'm sabaqtan tis waqitlarda til wo'siriwde do'retiwshilik jumislarinin' tu'rlerinen paydalanbaytug'inin' da'lillep ko'rsetedi.  Bizlerdin' izleniw jumisimiz ta'lim barisindag'i bunday kemshiliklerdin' aldin alip balalardin' til wo'risin wo'siriwdn' na'tiyjeliligin arttirip sabaqqa do'retiwshilik jumislardi ken'nen yendiriwden ibarat.Izleniw jumisinin' jan'alig'i -  baslawish klasslarda woqiwshilardin' so'ylew tilin wo'siriwde do'retiwshilik jumislarin sho'lkemlestiriw ha'm alip bariw metodikasin islep shig'iwdan ibarat.

Izleniw jumisinin' obekti- qaraqalpaq tilin u'yretiw barisinda woqiwshilardin' so'ylew iskerligin rawajlandiriw.

Izleniw jumisinin' predmeti – woqitiwdin' metod ha'm mazmunin jetilistiriw barisinda do'retiwshilik jumislarinin' awizsha ha'm jazba tu'rdegi sistemasin yendiriw.

Izleniw jumisinin' a'meliy a'hmiyeti  baslawish klasslarda qaraqalpaq tili sabag'inda til wo'siriwdin' metod ha'm mazmunin jetilistiriwde do'retiwshilik jumislarin wo'tkeriw ha'm sho'lkemlestiriw metodikasin islep shig'iwdin' ilimiy-metodikaliq tiykarin  aniqlawdan ha'm wonin' balanin' til wo'risinin' qa'liplesiwine wo'z ta'sirin tiygiziwden ibarat. Alg'a su'rgen bizin' isshi gipotezamiz to'mendegilerden ibarat: Yeger qaraqalpaq tilin u'yretiwde woqiwshilardin' til wo'risin wo'siriw

boyinsha do’retiwshilik jumislarinin’ sistemasi islep shig’ilip a’melge asirilsa, bunday jag’dayda do’retiwshilik jumislardi sho’lkemlestiriw ha’m wo’tkeriwdin’ optimal metodi aniqlanip, joqarida jo’rsetilgen faktorlar qaraqalpaq tilin u’yretiwdin’ metod ha’m mazmunin odernizatsiyalawg’a mu’mkinshilik tuwdiradi.

Izleniw jumisinin’ ma’seleleri ha’m alg’a su’rgen gipoteza bizlerdin’ aldimizg’a to’memdegi maqsetti qoydi:1.Metodikaliq a’debiyatlar materiyalinda do’retiwshilik jumislar sistemasin, woni sho’lkemlestiriw ha’m alip bariw metodikasin u’yreniw.2.woqiwshilardin’ til wo’risin wo’sirip so’ylew ko’nlikpelerin qa’liplestiriw ha’m jetilistiriwde do’retiwshilik jumislarinin’ ta’lim-ta’rbiyaliq rolin aniqlaw

Joqarida belgilengen maqsetke tiykarlanip to’mendegi waziypalar kelip shiqti:

1. Woqiwshilardin’ til wo’risin wo’siriwde do’retiwshilik jumislarin qollaniwdin’ wo’zine tan’ sipatlarin aniqlaw maqsetinde ilimiy-metodikaliq a’debiyatlardi u’yreniw ha’m taliqlaw.

2. Izleniw ma’selesi do’geregindegi baslawish klasslardin’ qaraqalpaq tili boyinsha sabaqliq ha’m bag’darlamalardi taliqlaw:

3. Qaraqalpaq tilin u’yretiw diziminde awizsha ha’m jazba tu’rdegi do’retiwshilik jumislarinin’ rolin ha’m wornin aniqlaw:

4. Baslawish klasslarda til wo’siriwde woqiw protsessin baqlaw izleniw mashqala boyinsha mug’allimlerdin’ is ta’jriybelerin u’yreniw

## Izleniw jumisinin' metodi:

a) A'debiyatlardi (ilimiy –metodikaliq, pedagogikaliq, psixologiyaliq, siyasiy ) u'yreniw metodi – ilimiy juwmaqlaw ushin, izleniw mashqalasinin' jeke ha'm uliwma ta'replerin islep shig'iw ushin;

b) Woqiw protsessin baqlaw metodi – woqiwshilarg'a qaraqalpaq tilin u'yretiwde til wo'siriw barisinda ha'r qiyli do'retiwshilik jumislarin qollaniwdin' jag'dayin aship ko'rsetiw ushin;

v) U'yreniw ha'm uliwmalatiriw metodi – pedagogikaliq ta'jriybede izleniw ma'selesinin' jag'dayinin' shinlig'i ushin.

## Jumistin’ uliwma si’patlamasi’

Temani’n’ a’hmiytliligi. O’zbekistan Respublikasi’ wo’z g’aresizligine yeri’skennen baslap ulli’ jan’alaniwshi’li’q t talabi’na sa’ykes is alip bari’wi’ kolg’a qoydi’. Bunin’ tiykari’nda jas wo’spirimlerdi aqilli, sawatli, salamat yetip ta’rbiyalaw ushin ha’r ta’repleme g’amxorliq ko’rsetip ati’r.

1997-jili 29-avgustta O’zbekistan Respublikasinin’ Oliy majlisinin’ 9-sessiyasinda so’ylegen sozinde prizdentimiz I.Karimov “bul muqaddes shan’araqtag’i’ ha’r bir adam wo’zinin’ balalari’n sawatli, miyrimli, yetip wo’siriw ushin wolardin’ baxtin , tabi’si’n koriw ushin

bar ku’shin ayamay miynet yetedi” -degen yedi.

Sonliqtan baslawish klasslarda woqiwshilardi jazba sawatliqqa ha’m taza jazi’wg’a , ga’p du’ziwge u’yretiw bu’gingi ku’nnin’ a’hmiyetli ma’selelerinin’ biri. Haqiyqatinda da ha’zirgi g’arezsiz da’wirimizdin’ jaslari’ barliq tarawlari’ o’z sawatlilig’i’ menen zaman talabina say boli’wi’ kerek. Sonin’ ushinda biz bu’gingi jumi’si’mizdi’ woqiwshilarimizdi’ ana tili sabag’inda ga’p duziwge u’yretiw usi’llari’ haqqinda so’z yetemiz.

# Izertlew maqseti ha’m waziypalari’.

Jumistin’ maqseti – bu’gingi jas barkamal a’wla’dlardi’ ana tilimizge aniq mazmuni’, ti’yanaqli ga’p du’ziwge u’yretiw usillarin mi’ssallar tiykari’nda tu’sindiriw. Usi ma’qsetke baylanisli’ tomendegi wazi’ypalar qoyi’ladi’.

-So’zlerdi bir-biri menen baylani’sti’ri’w usillari’.

-Ga’p qurawg’a sozlerdin’ worin ta’rtibi :

- Woqiwshilardi’ ga’p du’ziwge u’yretiw jollari’:

- Ga’pte, ga’p ag’zalarinin’ worni:

- Ga’p du’ziw arqali’ til tarawlari’na kiremiz.

Jumistin’ ilimiy jan’alig’i’ . Woqiwshilarg’a ana tili sabag’ainda ga’p du’ziwge u’yretiw usillari teoriyaliq ha’m a’meliy jaqtan ko’rsetiledi.

Izertlewdin’ teoriyaliq ha’m a’meliy a’hmiyeti. Baslawish klasslarda ga’p du’ziwge u’yretiw ushin tildin’ tarawlarin izbe-iz tu’sindirip aniq tu’rde da’lillegen.

Jumi’sti’n’ qurilisi. Qaniygelik jumi’s kirisiw, jumistin’ uliwma sipatlamasi’ to’rt kishkene bo’limi juwmaq ha’m paydalang’an a’debiyatlardan ibarat.

**I Bap.Baslawish klass woqiwshilarina ga'p du'ziwdi u'yretiw usillari.**

Ana tilimiz a'piwayi', qu'diretli ha'm sirli'. A'piwayilig'i' sonda, wol ko'zimizdi aship yesimizdi tanig'ali bizge joldas, ku'ndelikli so'ylew qurali'mi'z. Qu'dretliligi bizin qa'lbimizge, sanamizga ana su'ti menen, ana ha'yyiwi menen singen, wonnan aji'rali'w mumkin yemes, sirlilig'i woy ju'wirtip qarasaq tu'rli qubi'lislarg'a toli' a'ndiysheli bir g'aziyne yekenliginin'guwasi' bolamiz. Ana tili iliminde wo'z ta'sirin tiygizedi. Ana tilimizge ma'mleketlik til biyligi beriledi. Bunday hu'kimetimiz ta'repinen qollap-quwatlanip ken'mu'mkinshilikler jaratip beriwi –bul u'lken tilshi alimlarimizg'a ko'terinki ruwix bag'ishlap til iliminin' rawajlaniwi salalari jil sayin artpaqta.

Ana tili iliminin' rawajlaniwi jan'a jo'nelis aliwi a'lbette bilimnin' tiykari bolg'an mekteplerdegi qaraqqalpaq tili sabaqlarinda da wo'zinin' unamli ta'sirin tiygizbekte. Mekteplerde ana tilin ha'r ta'repleme u'yreniw woqiwshilardin' ilimdi teren' iyelep aliwin taminleydi, logikaliq woylawin rawajlandiradi, basqa pa'nlerdi wozlestiriwde de negizgi qural bolip yesaplanadi. Wozinshe pikir ju'rgiziwde mu'mkinshilikler alip, woylaw uqiplig'i rawajlanip baradi.

Ana tilin woqitiw en' da'slep baslawish klaslardan, wonin' a'lipbesinen-aq baslanadi. Woqiwshilardin'so'z baylig'in ken'eytiw, pikirin basqalarg'a duris bildiriw ushin kerekli so'zlerdi ga'p ishinde qollaniwi, so'z-tu'r, wo'zinshe ga'p qurap jazip ha'm woqip biliwi kerek. Insan qolinan keletug'in ha'r bir iygilikli istin' baslamasi

yag’niy tiykari brkkem qurilsa na’tiyjesi adam suysinerlik da’rejege jetkeretug’in xalqimiz ta’jribesinen bilemiz. Sonliqtanda biz bul jumisti du’nyadag’i barliq ilimlerdin’ g’a’ziynesi ha’m balalarda aqil –woydi rawajlandiriwdin’ tiykari bolg’an ana tilimizdi u’yretiw , sonin’ ishinde baslawish klasslarg’a  qaraqalpaq tilde ga’p du’ziwdi u’yretiwdi izertlewdi aldimizg’a maqset yetip qoydiq.Baslawish klasslarda bilimnin’, ta’rbiyanin’ negizi jaratiladi.woqitiwdin’ tiykarg’i  maqseti bilim ha’m ta’rbiya beriwden baslanadi. Bul yekewinin’ birligi  a’lbette ilimiylik negizinde iske asiriladi. Yag’niy qaraqalpaq tilinin’mektep gramatikasi ilimiy gramatikag’a  su’yenedi. Ilimiylik belgilengen ko’lemde iske asiwi kerek. Al, hadden tis ilimiy qospaliq penen u’yretiw woqiwshilarg’a awirliq yetip , jaqsi natiyje bermeydi. Ana tili metodikasi ilimiylik iogikaliq ko’z qarasta alap bariwdi talap yetedi. Misali;fonetikaliq materialdi wo’tpey turip sintaksislik materialdi wozlestiriw mumkin yemes.Sonliqtan woqiwshilarg’a qaraqalpaq tili boyinsha beriletug’in bilim ilimy izbe-izlikte u’yreniledi. Bul woqiwshilardin’ ilim tiykarlarin duris uyrenip aliwina mu’mkinshilik tuwdiradi. Usinday izbe-izlikte baslawish klasslarda-aq baslaymiz.Woqiwshilar ses, sesler haqqinda tu’sinikke iye bolgannan keyin, so’zlerge wo’temiz, so’zlerden ga’p duziwge u’yretemiz.Misali A sessinin’dawisli ses yekenin, wonnan a ha’ribi qollanilatug’in so’zlerdi keltiremiz. Misallarimizda balalar tusinigine jaqin boliwi kerek .Misali; Aspan, aspan ashiq , Aspan ko’k-ko’mbek.Aspamdi bult qapladi.

Ana tilin u’yretiwde u’sh ma’qset bar; birinshiden, balanin’wozinde bar ruwxiy uqipliliqti rawajlandiriw , yekinshiden ,ana tilinin’ sarqilmas

bayliqlarin sapali men’geriwge u’yretiw u’shinshiden, sol tildin logikasin , yag’niy logikaliq gramatikaliq nizamliqlarin bildiriw. Mine bul talaplar birinen son’ biri yemes ,al birgelikte is asiriladi.

Woqiwshilardin’ ana tili grammatikasinan ha’m leksika ha’m fonetikasinan tiyisli da’rejede bilim ha’m konlikpege iye boliwi ushin gramatikaliq ya’ki orfografiyaliq qagiydalardi bilip aliwi jetkilikli yemes , al woni ta’rtipli tu’rde izbe-iz shinigiwlar u’stinde ha’r qiyli do’retiwshilik jumislar islew arqali so’zlerdin’ qurilisin, wondag’I gramatikaliq formalardi sanali tu’rde o’zlestiriwi ,yesinde bekkem saqlawi sha’rt. A’lbette u’yreniliwi tiyis materialdi woqiwshilardin ha’r ta’repleme bilim aliwi ushin ana tili mugallimnin’ metodikaliq sheberligi u’lken worin atqaradi. Anig’inda mektep woqiwshilarinin’ sawatli boliwi ushin mug’allimnin’ wo’zi qa’tesiz suliw jaza aliwi ha’m duris ,ta’sirli woqiy biliwi pikirdi iqsham tu’sinikli yetip jetkeriwi sha’rt.sonda g’ana ha’r bir woqiwshi turaqli bilimge iye bola alagi.

Prizdentimiz I.Karimov ustazlarg’a ayriqsha hu’rmet ko’rsetip; ”wo’zin yel isine bag’ishlag’an ,insan ta’rbiyasina janin pida’ yetken joqari ma’rtebeli woqitiwshilardi, a’ziz mug’allimlerdi bunnan bilayda basimizg’a koteremiz”-deydi.

## 1.1. Jan’a pedagogikali’q talaplar boyi’nsha ga’p qurawdi’ u’yreti’wdin’ dasturiy yemes usi’llari’

Yel basshimiz, ma’mleketimiz ta’repinen qollap-quwatlanip yerkin jan’a pedagogikaliq texnologiya tiykarinda wo’sip kiyatirg’an jas a’wlad sanasinda ha’r ku’ni worayliq figura yesaplanatug’in baslawish

klass mug’allimlerinen bu’gingidey jan’alaniw da’wirinde xaliqtin’ u’miti mol.

Aldag’I pedagogikaliq texnologiya bul joqari bilimli, ruwxiy jaginan bay woqiwshilardin’ yen’ jetik bilim beriw metodlari ha’m qurallarinan paydalanip woqiwshilardin’ isshen’ qatlamin ta’minleytugin ha’m joqari na’tiyje beretug’in usillar jiynag’I delinedi.

Jas a’wla’dlarg’a bilim-ta’rbiya beriwde baslawish klass mug’allimi mekteptin’ jigeri. Sebebi usi da’wirden baslap tamshisi menen tas tesetug’in suw siyaqli bilim ka’nlerin yesikleri bala menen mug’allim arasinda ashiladi. Mug’allim balalar menen pedagogikalip ta’rtipte gu’rin’lesip, piker alisadi. Sonday-aq ustazda birinshi gezekte parasatliq boliwi kerek.Sebebi parasatli insan wo’zdoslarina ,sha’kirtlerine, jaamatine qatti renjiwdi bilmeydi. Yekinshi gezekte til tabisiw sha’kirtte mehir woyanadi.Bul haqqinda ulli woyshil Al Farabiy “adamnin’ insan sipatindag’I minezinin’ qa’liplesiwi  wonon’ wozin-wo’zi biylewi ha’m turmista taq turiw uqipliginin’ rawajlaniwi ja’ma’a’t penen baylanislig’” –deydi.

Bir-biri menen shinjirlas baylanistag’I pedagogikaliq metodikadan ja’nede wo’z ana tilimizge qaytamiz.  Prizdentimiz I.Karimovtin’ ana tili haqqindag’I danaliq pikiri ha’r bir baslawish klass mugallimi ushin qol keliwi ta’biyiy “Ruwxiy du’nya insang’a ana su’ti, ana ha’yyiwi , atana=in’ u’lgisi, babalarimizdin’ na’siyati menen birge sinedi. Ana tildin’ ulli a’xmiyeti sonnan ibarat, wol ruwxiy du’nya belgisi sipatinda adamlardi jaqinlastirip ja’rdemlestiredi “ Bul pikirdi tildin’ adam wo’mirindegi ja’miyettegi worni ,atqaratug’in xixmeti toliq aship

berilgen . Tilsiz ja’miyettegi ha’r bir jetiskenliklerdi toplag’an materialdi ko’z aldimizg’a keltiriwimiz qiyin. Til ten’ep bolmas a’hmiyetke iye.

Demek baslawish klastan baslap-aq ha’r bir ana tili sabag’inda ayriqsha qunt ,u’lken juwap kershilik penen jantasiw za’ru’r degenjuwmaqqa kelemiz.Bala shan’araqta , mektepke shekemgi mekemelerdi wo’z ana tilinde da’slepki so’zler ayta baslaydi.mekteptegi da’slepki ku’nlerinde mug’allimnin’ u’yretiwi menen ses ha’m ha’ripler tiykarinda sozler qurap jaziladi.

Ha’r bir baslawish klass mug’allimi balada bilimnin’, ta’rbiyanin’ tirnag’in qollaydi. Bul a’lbette ju’da’ quramqli qubilis. Sebebi woyin balasi mekteptin’ ta’rtip qag’iydalarina, mag’allimnin’ uyretkenlerine ug’iniwi, yesap beriwi sha’rt. Qullasi, qa’ytkende de bala kewline jaqinnan jol tawip , mug’allim ha’r bir balani zamanimizdin’ aziq woyli jetik qa’nigesi bolip shig’iwina tiykar jaratiw tiyis. Keleshektegi isker alimlar, shayir, jaziwshilar, tariyxshilar tag’I basqa ko’plegen ka’sip iyelerinin’ woz da’wirinde de milletlerimizdin a’wladlardan a’wla’dlarg’a wo’tip ardaqlanatug’in miyraslarin da a’lemge tanitiwda worni ayriqsha. Bulardin’ ha’mmesinde til tiykarg’I qurakyesaplanadi. “So’z ju’yesin tapsa, mal iyesin tabadi,” deydi xalqimiz. Sonin’ ushin pedagogikaliq texnologiyada til iliminin’ qaraqalpaq tili sabaginda woqitiwg’a ayriqsha diqqat qaratiladi.

Baslawish klasslarg’a ana tilinde ga’p duziwdi u’yretiw ushin sol mugallim pedagogika menen ana tili ilimine , lingivistikag’a ju’da’ qaniq boliwi kerek.

Tildi tek fonema ,so’z formalari , so’zler, turaqli so’z dizbekleri ha’m konstrukciyalardin’ qalay bolsa solay wornalasiwinan turatug’in birikpe dep tu’siniwge bolmaydi.

Til –ha’mme waqitta da sistema. Wonin’qurilisinda fonologiyaliq, gramatikaliq , leksikaliq ha’m basqada sistemalar boladi. So’ylew ma’deniyatina til iliminin’ tarawlarinin’ ha’mmesinin’ de qatnasi bar.Stilistikani u’yreniw ha’zirgi tilde so’ylewshilerge tildin’ stilistikaliq bayliqlarin duris iyelewge ja’rdemin tiygizedi. Solay yetip stilistika til ha’m so’slewdin’ stillerin uyrenetug’in ilim. Wol

Praktikaliq stilistika

Funkcionalliq stilistika

Ko’rkem a’debiyat stilistikasi

Gramatikaliq stilistika

Leksikaliq stilistika

Fonetikaliq stilistika tarawlarina bo’linedi.

Praktikaliq stilistika-tildegi qurallardi teoriyaliq jaqtan u’yreniwdin’ tiykarinda wolardi konkret jag’daylarda qollaniwdin’ usil ha’m formalarin u’yretedi.

Funkcionalliq stilistika- tildegi funkcional stillerdin’tu’rlerin wolardin’ bir-birinen ayirmashiligin ha’m wo’zgesheligin izertleydi .

Ko’rkem a’debiyat stilistikasi-bir jaziwshinin’ yamasa korkem shig’armanin’ til wozgesheliklerin analizleydi.Ko’rkem a’debiyat stilistikasi tek g’ana a’debiy tildin’ normalari menen sheklenip qalmay

uliwma xaliqliq tildin’ barliq elementlerin de wo’z ishine qamtiydi.Ma’selen wonda professionalizmler dialektizimler, qarapayim so’zlerde qollanila beredi.

Leksikaliq stilistika- so’z ha’m wonin’ awispali manilerin, sinonin, omonim, antonimlerdin, neologizm ha’m orxiezimlerdin’, frazeologizmlerdin’ tilde qollaniliw wo’zgesheliklerin izertleydi.

Fonetikeliq stilistika- so’zlerdin’ stilistikaliq funkciyasi, wolardin’ aytiw wo’zgeshelikleri, seslerdin’ simvolikaliq  ham politekaliq funkciyasi u’yreniledi.

Gramatikaliq stilistika- so’z jasaw qurallarinin’ stillik wo’zgeshelikleri, so’z formalarinin’, so’z dizbekleri ha’m ga’plerdin’ worin ta’rtibinin’ stilistikaliq boyawlari, wolar arasindag’I sinonimika ,wolardin’ modalliq, emotsional-ekspressivlik tu’s beriwdegi xizmetleri u’yreniledi. Still, woni aniqlaw klassifikatsiyalaw ha’m wonin’ til iliminde alatugin wornin belgilew  yelege shekem tartisli ma’selelerdin’ biri bolip kiyatir.

Qaraqalpaq tilindegi  stiller ha’m stilistika maseleleri professor E.Berdimuratovtin’ miynetlerinde arnawli tu’rde so’z yetiledi . Wol wo’z izertlewlerinde stilge aniqlama berdi, qaraqalpaq tilindegi funkcional stillerdin’ tu’rleri, wolardin’ rawajlaniw jollari ha’m tilimizdin’ leksikasin bayitiwdag’I wornin korsetedi.

Still- bul “haqiyqatinda da tildin’ tarixiy rawajlaniwinin’ barisinda turmis tarawlarina til arqali qatnastin’ tu’rliformalarina konkret situatsiyag’a baylanisli leksika semantikaliq gramatikaliq ha’m t.b

boyinsha sol tarawg’a  funkcionalliq beyimliligi menen qa’liplesken  til qurallarinin’ sistemasi sipatinda ko’rinedi”

Til adamlardin’ turmis xizmetine baylanisli ha’r qiyli xizmetlerde atqaradi.Yen’ a’xmiyetli ja’miyetlik xizmetleri minalardan ibarat.

1.Soylesiw.

2.Xabarlasiw.

3. ta’sir yetiw

Qaraqalpaq tili sabag’inin’ woqiwshinin’ aqil woyin rawajlandiriwda ha’m pikirlew qabiletin wo’siriwde worni ayriqsha. Usi arqali basqada barliq pa’nlerdi wozlestiriwde ha’m ug’ip alg’anlarin ju’zege shig’arip , tujirimli naqma-naq yetip aytip beriwinde ten’I tayi joq g’a’ziyne .

## 1.2. Ga’plerdi wo’z-ara baylani’sti’ri’wg’a tiyisli ma’seleler (2-4 klasslar qaraqalpaq tili sabaqlari’ tiykari’nda)

Baslawi’sh klass ana tili sabaqlari’nda woqi’wshi’lardi’n’ baylani’sli’ so’ylew tilin wo’siriw, wolardi’n’ aqi’li’y ha’m de a’meliy jetiskenligin de ayri’qsha wori’ni  iyeleydi. Woqi’wshi’ bala wo’z pikirin izbe – iz baylani’sli’ tu’rde bayan yete ali’wi’ ushi’n wo’zi du’zip ati’rg’an teksstin’ ha’r bir ga’pin aldi’n kelgen ga’p penen leksika yamasa grammatika qosi’mtalar ja’rdeminde baylani’sti’ri’p yamasa woy-pikiri tiykari’nda bir topar na’rselerden paydalanbag’an halda birikpe ali’w kerek  boladi’.

Metodist ilimpazdi’n’ M.Rixsieva qi’yi’n sintaksislik pu’tinliktegi turaqli’ ga’pler wo’z-ara baylani’sti’ri’w ushi’n xizmet qi’latug’i’n qosi’mtalari’ to’mendegishe toparlarda ko’rsetedi:

leksik (so’z ta’kirari ha’m sinonimler) :

1) leksik-grammatik (almasi’qlar, ra’wishler, wori’nli’ qosi’mtalardan paydalang’an mu’na’sebet te bildiriliwin baylani’sti’ri’wshi’ ko’mekshi so’zler )

2) sintaksislik (so’z ta’rtibi bir qi’yli’ du’ziliske iye bolg’an ga’ler ha’m kiris ga’pler intonaciya )Keyingi ga’pti aldi’ng’i’ ga’pke baylani’si’wi’nda ken’ qollani’latug’I’n qurallardan biri – kisilik almasi’g’i’ (tiykari’nan III betlik birlik ha’m ko’plik tu’rde )ayri’qsha wori’n iyeleydi. Wolardi’n’ ayri’qsha belgilerinen biri birlik ha’m ko’plik ma’nilerde paydalani’ladi’. Bunday almasi’q birinshi ga’ptegi betlik zat yamasa predmetti ko’rsetip, woni’n’ tiykari’ boli’p keledi.Ilimpazdi’n’ pikirinshe, almasi’qlardi’n’ bul ko’rsetpesi til bilimin dep rokominaciya dep ataladi’. Sonday-aq baslawi’sh klasslarda woqi’wshi’lar almasi’qlardi’n’ barli’q tu’rlerin yeki wo’zbetinshe ga’pti wo’z – ara baylani’si’w tiykari’nda u’yreniwge qi’ynaladi’. Sog’an baylani’sli’ biz jumi’sti’ wo’zgelik? almasi’qlari’nan baslaw kerek degen pikirde boli’p, da’slep birinshi ga’ptegi yekinshi ga’pke bas kelisiw ta’rizinde qollang’an III bet birlik ha’m ko’plik almasi’qlar (wol, wolar) menen almasti’ri’w shi’ni’g’I’wlari’n wori’nlaw ha’m usi’ arqali’ tiyisli bilim ha’m ko’nlikpelerdi payda yetiw za’ru’r dep woylaymi’z. Gezektegi basqi’shta joqari’dag’i’ bilim ha’m ko’nlikpelerdin’ bekkemleniwi si’pati’nda 1-ga’ptegi otni? 2-ga’ptegi tu’rlengen, seplengen? (bas kelisiwden basqa kelisiw qollang’an) III bet wo’zgelik almasi’g’i’

(woni’n’, wog’an, woni’, wonnan, wonda, wolardi’n’, wolarg’a, wolardan) menen almasi’q haqqi’nda jumi’sali’p barg’an maqul dep yesaplaymi’z. Bul almasi’qlar tiykari’nan 1-ga’ptegi 2-da’rejeli bo’leklerden tolti’ri’wshi’ni’n’ worni’n da g’ana qollani’ladi’. Basqasha aytqanda wo’zgelik almasi’g’i’ hal ha’m ani’qlawishti’ almasti’ri’p kelebermeydi.

Baslawi’sh klassti’n’ 2-4-klasslarg’a arnalg’an qaraqalpaq tilinin’ sabaqlari’ menen tani’si’w bari’si’nda sol na’rse ma’lim, wolarda keltirilgen tekstlerde (woni’n’, woni’, wolardan, wolardi’) wo’zgelik almasi’qlari aldi’n’g’i’ ga’ptegi orni? almasti’ri’p kelgen mi’sallar “wonda” atli’ qalmasi’g’i’ “wol jerde” ma’nisin de ko’birek qollang’an “wog’an” , “wolarg’a”, “wonnan”, “wolarda” almasi’qlari’na tiyisli mi’sallar ju’da kem. 3-klass sabaqli’g’i’nda ha’m baylani’sli’ tekstler ju’da’ kem berilgen. Bul jag’day usi’ basqi’shqa bolg’an itibardi’ ku’sheytiw za’ru’rligin ko’rsetedi.

Woqi’wshi’lar 2-4-klasslar “Qaraqalpaq tili” sabaqlari’ni’n’ berilgen shi’ni’g’I’wlari’nda keltirilgen kishi-kishi tekstler arqali’ 1-ga’pte keltirilgen orni 2-ga’pinde “woni’n’”, “woni’” almasi’qlari’ menen almasti’ri’lg’anin ko’redi. Lekin ayi’ri’m izleniwshen’ bolmag’an balalardi’n’ ko’pshiligi bug’an til ha’diysesi’ pati’nda qaramaydi’, tekst du’zgen de sonday jol tuti’w kerek pikir woyg’a kelmeydi de. Tek a’meliy ta’jriybesi bolg’an woqi’wshi’larg’ana usi’ usi’ldan paydalana aladi’. Yeki wo’z betinshe biyg’a’rez ga’pti wo’z-ara baylani’sti’ri’w kerekligi baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ baylani’sli’ pikirin wo’siriw za’ru’rligi sebepli boladi’.Bunda to’mendegi izbe-izlik qol keledi:

1) shi’ni’g’I’w materiali’ si’pati’nda shi’ni’g’i’w sha’rtine bola keltirilgen tekstlerge qosi’msha yeki biyg’a’rez ga’ptin’ wo’z-ara baylani’s usi’li’na itibar qarati’ladi’. Bunda 1-ga’ptegi “kim?” ya’ki “ne?” sorawi’na juwapberiwshi so’z worni’na 2-ga’ptegi “woni’n’”, “wolardi’n’”, “wolardi’” so’zleri keletug’i’ni’ ayti’ladi ha’m shi’g’arma jazi’p ati’rg’an dausi’ usi’llardan paydalani’w maqul yekenligi tu’sindiriledi. 2-klassta buni’ to’mendegi shi’ni’g’I’wlar tiykari’nda baylani’sti’ri’w mu’mkin.

30-shi’ni’g’i’w

Asan menen U’zildik bir klassta woqi’ydi’. Wolardi’n’ u’yleri bir-birine jaqi’n.

33-shi’ni’g’i’w

Qalani’n’ qasi’nda aerodrom bar. Woni’n’ qasi’nda aerovokzal bar sali’ng’an.

2.Sabaqli’qti’n’ gezektegi shi’ni’g’i’wi’nda keltirilgen teksttegi kim? ya’ki ne? sorawi’na juwapberiwshi qaysi’ so’zler 2-ga’ptegi “woni’n’”, ”woni’”, ”wolardi’n’”, ”wolardi’” so’zleri menen almasqani’ ani’qlanadi’. Balalar usi’ so’zlerdi ko’rsetedi. Woqi’ti’wshi’ balalarg’a teksten bir ga’ptegi so’zdiy ekinshi ga’pte a’sirese ta’kirarlamawi’ ushi’n woni’n’ worni’n basaalatug’i’n so’z (woni’n’, woni’, wolardi’n’ ya’ki wolardi’) menen almasti’ri’w maqul yekenligin yesletip wo’tedi. Bazi’da wori’nsi’z ta’kirarlang’an qo’zg’alizday seziliwin aytadi’.

37-shi’ni’g’i’w

Ten’izler ko’llerden u’lken.Woni’n’ suwlari’ duzli’ boladi’.

42-shi’ni’g’i’w

Bizin’ klassta 25 woqi’wshi’ bar.Wolar barli’q sabaqlardan joqari’ bahalarg’a woqi’ydi’.

45-shi’ni’g’i’w

Menin’ ag’am quri’li’s mekemesinde gerbish wo’riwshi boli’p isleydi. Qolayli’q jobalari’n arti’g’i’ menen wori’nlaydi’. Apam fabrikada tigiwshi boli’p isleydi.Woni’n’ tikken kiyimleri suli’w.

3.Keyingi ja’ne bir-yeki shi’ni’g’I’wdag’I’ tekstti woqi’g’anda mug’allim balalardi’n’ g’a’rezsizligin asi’riw maqsetinde woni’n’ (woni’, wog’an’ ya’kiwonda) so’zi aldi’ng’I’ ga’ptegi qaysi’ so’z worni’n da kelgenin ayti’wdi’ talap yetedi. Si’zi’lma si’zadi

Woni’n’…

Woni’…

Wog’an…

Wonda…

4.Keyingi tekstti woqi’w payi’ti’nda balalardan yeki ga’ptin’ (mug’allim ko’rsetken yeki ga’pti) wo’z-ara so’z almasi’w joli’ menen baylani’sqani’n da’lillew talap yetildi. Aji’rati’lg’an so’zdi qaysi’ ko’rinistegi so’zler menen almasti’riw mu’mkin yekenligi si’zi’lma ja’rdeminde ko’rsetiledi;

woni’n’…

woni’…

wog’an…

wonda…

wonnan…

Yendi mug’allim 1-ma’rte g’a’rezsiz (sabaqli’qqa qosi’msha) shi’ni’g’i’w usi’ni’s yetedi. Berilgen ga’ptegi so’z 2-ga’pte qaysi’ so’z benen almas’wi’n ani’qlawdi’ da’lillen’.

…wol

…woni’n’…

…woni…

…wog’an…

…wonda…

…wonnan..

Woqi’wshi’lar 1-ga’ptegi so’z 2-ga’pte wol, woni’n’, wog’an, woni’, wonda so’zlerinen biri bolg’an almasti’ri’w mu’mkinshiligi haqqi’nda tu’sinik payda yetkennen ga’p du’ziw menen baylani’s wonsha qi’yi’n bolmag’an wazi’ypa beriledi;

1-ga’p tiykari’nda wol, woni’n’, wog’an, woni’, wonnan, wonda so’zlerine qarap 2-ga’pti du’ziwdi dawam yetin’.

…wol

…woni’n’…

…wog’an…

…wonda…

…wonnan…

Belgili waqi’tqa kelip woqi’wshi’larda elementar bilim ha’m ko’nlikpeler payda bola baslaydi’. Yendi mug’allim ha’r bir almasi’q haqqi’nda birme-bir bekkemlew talap yetetug’i’n shi’ni’g’i’w

du’zedi.Yag’ni’y; berilgen ga’p tiykari’nda “wol…” so’zi menen baslanatug’i’n 2-ga’pti ayti’n’. Sonday-aq ”woni’n’…” so’zi menen baslanatug’in “woni’…” ,“wog’an…”, “wonda…” ha’m “wonnan…” so’zi menen baslanatug’i’n 2-ga’pti ayti’n’.

Sonday-aq ot yeki ga’pte ta’kirar paydalang’an kishi tekstti woqi’p, ne sebepli ju’zege kelgenin ani’qlaw shi’ni’g’i’wi’ wo’tkeriledi. 2-ga’ptegi takirar otniqaysi’ so’z benen almasti’ri’w mu’mkili’gi haqqi’nda soraladi’. 2-klassta baslang’an jumi’s, is u’zliksiz ha’m dawamli’ tiykarda rawajlani’p bari’p , 4-klassta woqi’wshi’lar pikirine toli’q kirip barg’ani’ menen juwmaqlanadi’.

Qullasi’ baslawi’sh klasslar ana tili sabaqlari’nda baylani’sli’ piker wo’siriw (tekst du’ziwge u’yretiw ) boyi’nsha joqardag’I’ si’yaqli’ islerdin’ ali’p bari’li’wi’ sabaqlar na’tiyjeliligin asi’ri’w, mazmuni’ jag’I’nan qi’zi’qli’ boli’wi’ ushi’n xizmet yetedi.

## II bap. Baslawi’sh klass woqiwshilari’na ga’p du’zi’wde woni’n’ tu’rleri’n u’yretiwde til iliminin’ barliq tarawlarina baylani’sli’lig’i.

Yendi tiykarg’I maqsetke wo’tetin bolsaq ga’p ag’zalarin wozine ta’n ilimi bar. Bul boyinsha baslawish klas mug’allimleri belgili tilshi ilimpazlarimiz,E.Da’wenov,A.Bekbergenov,A.Nalimov,E.Berdimuratov lardin’ miynetlerin toliq xabar boliwi kerek.

Qaraqalpaq tilinde de basqa barliq tu’rkiy tillererindegi siyaqli so’z dizbegi ha’m ga’pler shatastirilmawi kerek.

So’z dizbegi- ga’ptin’ bir ag’zasi menen yekinshi bir ag’zanin’ dizbeklesip keliwin tu’sinbeymiz, al bir toliq ma’nili so’z benen yekinshi bir toliq ma’nili so’zdin’ ma’nilik ha’m gramatikaliq jaqtan wo’z ara dizbeklesip keliwin tu’sinemiz. Yag’niy so’z dizbegi wo’z- ara ma’nilik gramatikaliq jaqtan bag’ina baylanisqan toliq manili so’zlerdin’ baylanisi qaraladi. So’z-bul leksikaliq kategoriya bolsa, so’z dizbegi- bul sintaksislik kategoriya.so’z dizbegi ga’p du’ziwdegi tildin’ yen’ kererekli elementlerinin’ birinen sanaladi.

Ga’p-bul bir tamamlang’an woydi bildiretug’in wo’z-ara gramatikaliq baylanisqa tu’sken so’z dizbeginen du’ziledi. Ayirim jag’daylarda bir so’zden bir ga’p boladi. Ga’p boliw ushin ga’p ag’zalarina tiykar bolatug’in worayliq yeki elementtin’, baslawish penen bayanlawish,boliwi za’ru’r. Yeger yeki elementtin yekewide qatnassa wonda yeki ga’p sostavli boladi. Yeki sostavli ga’plerdedi bul yeki gramatikaliq kategoriya yen’ kerekligi ha’m yen’ sheshiwshi element

boladi.Sebebi usi gramatikaliq elementlersiz ga'tin' boliwi mu'mkin yemes.

Ha'r bir ga'pler (meyli wol bir so'zden bolsin, yamasa bir neshe so'z dizbeginen bolsin) belgili haqiyqatliq ma'ni an'latadi ha'm wonin' wo'zine ta'n arnawli gaplik intonotsiyasi boladi.Misali Polt tashkentte aspiranturada jaqsi woqiydi. Men qiziqli kitaplar satip aldim. Bizler ha'pte sayin jaqsi dem alamiz. Dem alis ku'nleri juda' qiziqli ha'm kewilli wo'tedi. Tu'n. Ketip baratirmiz. h.t.b. Sondayaq tilimizde bir-birine baslawish ha'm bayanlawishliq qatnasta baylanisip kelgen ha'r qanday so'z dizbegi so'zsiz ga'p bola aladi; Wol-g'arri. G'arri padashi. Ku'n jilli. Hawa ashiq. Bular ga'plik intonatsiyag'a iye ha'm tamamlang'an woydi bildirip tur.

Al baslawish bayanlawishliq qatnasta bolmag'an so'z dizbekleri ga'p bola almaydi. Misali wol g'arri, g'arri padashi, jilli ku'n, ashiq hawa. Bular bir biri menen predikativlik qatnasta baylanisip kelmegen ha'm gaplik intonatsiyag'a iye yemes. Sonliqtan wolar tamamlang'an woydi bildire almaydi.

Ga'p boliw ushin wozine ta'n sipatlarg'a iye boliw kerek. Bul haqqinda akademik V.Vinogradov rus tilindegi ga'pke Bergen sipatlamasi basqa barliq turkiy tillerdegi, sonin'biri bolg'an qaraqalpaq tilindegi ga'pke de tikkeley qarasiqli.

1.Ga'p- bir tamamlang'an bir woydi bildiretug'in sintaksislik bielik.

2. Ga'p qarim-qatnas qurali sipatinda qollaniladi.

3. ga’p boliwi ushin yeki kategoriyanin’ baslawish penen bayanlawishtin’ boliwi sha’rt. Baslawish penen bayanlawishtin’ ga’ptin’ tiykarin quraydi. Wolar ga’ptin’ du’ziwshi ha’m sholkemlestiriwshi elementleri bolip, yekewi de ga’plik qurilisqa ta’n kategoriya. Bayanlawish ga’ptin’ yen’ basli belgisi boladi.

4.Gap-intonatsiya tiyanaplig’ina iye.

5. ga’p- sintaksistin’ ayirim kategoriyasi.

Yen’ da’slep baslawish klaslarda ga’p du’ziwdi u’yreterde wolarg’a ga’p haqqinda iqsham, tu’sinikli yetip aniqlama beriw shinig’iwlar menen, bekkemlep bariw kerek. Ga’p tiykarinan bas ag’zalari ha’m yekinshi da’rejeli ag’zalardan quraladi.

Bas ag’zalar baslawish ha’m bayanlawish bolip, yekinshi da’rejeli ag’zalar aniqlawish, toliqlawish, pisiqlawish.

Solay yetip baslawish klasslarda wo’yiletugin qaraqalpaq tili boyinsha materiallardi ko’birek ko’rsetpeli materiallardan paydalana woyirip, won to’rtinshi ha’m wonnan song’i qaraqalpaq tili kursindag’Ii jana’ materiallar menen baylanistira wotirip, joqari klass materiallari boyinsha wo’tiwdi baslatmiz.

To’rtinshi klass woqiwshilari menen qaraqalpaq tili boyinsha shinigiw alip barg’animizda tek g’ana jay ga’pler boyinsha tu’sinik bere bermesten, al qospa woydi bildiretug’in ga’plerge de toqtalamiz.Mug’allim woqiwshilarg’a jay ga’p penen qospa ga’p arasindag’I geypara ayirmashiliqti bildiretugin sha’rti jag’daylardi tu’sindirip  keliwi kerek Geypara jag’daylardi woqiqshilar ga’p penen

so’zdin’ ayirmashiligin bilmeydi. Woqiwshilar wortasina taslang’an sorawlarg’a qandayda bolmasin juwap alinip bolg’annan keyin ga’p haqqinda belgili juwmaqlasqan tusinikti mug’allimnin’ wozi isleydi. Wonnan keyin woqiwshilar ga’p haqqinda mag’lumat aladi ha’m wo’tilgenlerdi yeske tu’siredi. Bul araliqta seminar isleri, ta’jriybe almasiw, pedagogikaliq woqiw wo’tkeriw usag’an jumislar wo’tkeriledi. Biraq pa’ndi woqitiwdi jaqsilawda bul da azlip yetedi.

Ga’p du’ziwde tablitsalardan, ko’rsetpeli qurallardan paydalaniw woqiwshilarg’a bilimnin’da’slepki negizlerin quriwda wog’ada maqul usil yekenligi ta’jriybede tastiyiqlanbaqta.

Sabaqti ko’rsetpeli woqitiw to’mendegidey prinsiplerge tiykarlanadi;

1.joqari ideali turmis penen baylanisqan, tiyanaqli bilim beriwge ja’rdem yete alatug’in boliwi tiyis.

2. woqiwshilardin’qabillaw qa’biletine say ha’m woqiwshilarg’a toliq ko’rinerlik, ko’rkem boliwi tiyis.

3.Ko’rsetpeli quraldi’n’ ha’r biri tu’sindirilip bariladi.

4. Woqi’wshi’lar menen birge tayarlaw jaqsi’ ta’sir qaldi’radi’.

5. Wo’zin’ jaqsi’ bilmey turi’p woqi’wshi’larg’a usi’ni’wg’a bolmaydi’.

6. Sabaqqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n, woylawi’n, diqqati’n, uqi’bi’n artti’ratug’i’n boli’wi’ kerek.

Tablicalardi’n’ maqseti-woqi’wshi’ni’ sabaqti’ wo’zlestiriwin artti’ri’wg’a yerisiwden ibarat.

Usi’nday tablica arqali’ ga’ptin’ ma’nisine qaray bo’liniwi boyi’nsha tu’sinik beriledi, ha’r bir ga’ptin’ wo’z ayri’qshalig’i’ so’z yetiledi, ga’plerdi bir-birinen ayi’ri’p turatug’i’n belgiler: xabar ma’nisti bildiriwshi ga’ptin’ son’i’nda dawi’s pa’sen’ shi’g’atug’inli’g’i’ ha’m keynine noqat qoyi’latug’i’nli’g’i’, soraw ha’m u’ndew gaptin’ de usi’nday belgileri ayri’qsha ko’rsetiledi. Son’ ko’rkem tarti’mli’ islengen tablica ali’ni’p, taxtaga’ bir qansha mi’sallardi’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerine jazdi’ri’p, shi’ni’g’i’w isletiledi de, bir-birinen ayi’rmashi’li’gi’ bayanlanip bari’ladi’.

Ga’ptegi so’zler tiykari’nan to’rt tu’rli quraldi’n’-affikslerdin’, ko’mekshi so’zlerdin’, seslerdin’ wori’n ta’rtibinin’ ha’m intonaciyasi’ni’n’ ja’rdemi arqali’ sintaksislik jaqtan baylani’si’p so’z

1. Affiksler ga’p du’ziwde grammatikali’q qurallardi’n’ ishinde yen’ u’lken xizmetti atqaradi’.

   a) seplik jalg’awlari’: u’yden shi’g’i’w, jumi’sti’ pitkeriw, jayda woti’ri’w, woqi’wdan qayti’w, jaqsi’g’a jantasi’w.

   b) tartim jalg’awlari’: ag’amni’n’ balasi’, qawi’nni’n’ pa’legi, gu’njinin’ mayi.

   c) Betlik jalg’awlari; Men bardim, sen keldin’, sabaq baslandi, bizler shomildiq. h.t.b

2. ko’mekshi so’zler. Bulardin’ ishinde da’nekerler, tirkewishler, komekshi atawishlar, u’lken ro’l atqaradi.

a) Da’nekerler jay ga’plerdin’ arasi’n baylanistirip keledi. Misali’ mine, yeki qoy o’leyin dep atir ja’ne men neshe janliqti’n jaralang’anin bilmeymen. (M.Da’ribaev).

b) Tirkewishler; ushin, haqqinda, tuwrali, jo’ninde, arqali, menen, penen, usag’n tirkewishler wo’zlerinin’ bayllanisip keletug’in sozler menen bag’inin’qi komponet sipatindafeyil so’z dizbeginin’ quramina kirgende ayirim jag’daylarda yeki ma’nili so’zlerdi de baylanistirip keledi. Misali Ku’n sayin ratsiya arqali (ratsiyadan)yeki jaq  arqali xabarlasi’p turadi’. (A.worazov)

c) Ko’mekshi atawishlar; Iyelik sepligindegi (ashiq ha’m jasirin) so’zlerden keyin kelip wolardin’ manisin  toliqtirip aniqlastirip keldi.

3 So’zlerdin’ orin ta’rtibi; ga’ptegi so’zlerdin’ worin ta’rtibi so’zlerdi baylanistirwshi gramatikaliq quraldin birinen sanaladi . Misali: Bugin eki siyir tuwdi. Asaw tolqin kelmesin tepkilep shayqap turadi.

4 Intonatsiya: Gaptin’ mazmunin ma’nilik jaqtan tu’rlerin, onin’ basqa sintaksislik birliklerden ayirmashilig’in belgilewde za’rurli grammatikaliq qural bolip tabiladi. Bul mektep. Ol oqiwshi. Bul-mektep, Ol-oqiwshi.

Gaptin’ usinday barliq o’zine ta’n ayrishiliqlari tuwrali izertleytug’in ilim Linovistikada sintaksis dep ataladi. Sintaksisti bilmey turip gap haqqinda so’z etiw mumkin emes.

Tilde piker alisiw so’z dizbekleri arqali emes, al ga’pler arqali a’melge asiriladi. Ga’p-sintaksistin’ bas obekti boliniwinin’ da sebebi usinda.

Sintaksis o’z aldina bir ilim dewden awlaqpiz. Sintaksis til-biliminin’ basqa bo’limleri menen tig’iz baylanisli. Marfologiyaliq so’zlerdin’ morfemalarg’a so’z shaqaplarina bo’liniw nizamliqlarin u’yretse, sintaksis janli so’ylewde so’zlerdin’ so’z dizbeklerine, ga’plerge qalayinsha birigiw qag’iydalarin u’yretedi. Sintaksis ga’plerde bes tu’rli ag’zag’a bo’lip qaraydi. Bas ag’zalar: baslawish, bayanlawish, ekinshi da’rejeli ag’zalar: aniqlawish, toliqlawish, pisiqlawish. Sonin’ ushin sintaksis til biliminin’ liksikologiya tarawi menen de baylanisli. Ga’pdeko’mekshi so’zler ga’p ag’zasi bola almaydi, sebebi an’latatug’inmanisi joq. Qasindag’i manili so’zler menen birge bir ag’za esaplanadi.

Sentaksis fonetika menen de tig’iz bylanisli.I’ntonatsiyanin’ wo’zgeriwine baylani’sli’ bir ga’ptin’ wo’zi-aq tu’rli mazmundi bildiriwi mu’mkin.

Baslawish klasslarg’a ga’p du’ziwdi u’yretiw ushin biz ko’birek tililiminin’ sintaksistarawina su’yensek boladi’.

## 2.1. **Ga’p du’ziwdin’ worni ha’m a’hmiyeti’**

Ga’ptin’ tilde atqaratyg’in xizmeti ayriqsha. Biz ha’r birimiz aytajaq pikirimizdi sanamizda ga’p turinde qolaylastirip alamiz da pikirdi ga’p tu’rinde awizeki ya’ki xat arqali basqalarg’a bildiremiz.

Bilgenimizdi xabarlaymiz (Ba’ha’r keldi) bilgenimizdi soraymiz (yegis baslanip pa?) bir na’rseni islewdi buyiramiz (sabaqtan son’ klasti’n’ ishin tazalan’)

Ga’p uliwmaliq mazmuni boyinsha barliq tillerdegige uqsas. Sol sebebten de ga’plerdi bir tilden yekinshi tilge awdarma beriwge boladi’. Aqiri barliq tillerde de adam wo’z pikirin, tuyg’i- sezimin ga’p tu’rinde bayan yetedi. Biraq ga’p du’ziwde ha’r bir tildin’ wo’zine ilayiq gramatikaliq wo’zgeshilikleri boliw mu’mkin, biraq du’zilisi basqa bolip keliwi mu’mkin, biraq du’zilisi basqa bolip keliwi mu’mkin/ Solay yetip mekteplerde qaraqalpaq tilin woqitiw, baslawish klasslarg’a ga’p du’ziwdi u’yretiw til biliminin’ payda yetken ilimiy teoriyalarinin’ bazasina tiykarlanadi. Qaraqalpaq tilinin’ metodikasi menen til bilimi bir-birine g’a’rezli ha’m baylani’sli’.

Ha’r bir woqiwshi mektep bosag’asinan atlag’annan keyin, a’lipbe menen tanisiw da’wirinde-aq ha’r bir ha’ripti wo’tkende, sol ha’ripten baslanatug’in so’zlerdi wo’zlestirip baradi’. Solay yetip usi seslerden so’zler quralatug’in bilip aladi. Biraq biz bir-birimiz benen pikirlesiwimizde qarim-qatnas jasawda tek so’zler jetkilikli, yemes yekenligin, ilim a’piwayidan quramalig’a qaray rawajlanatug’in tu’sindiriw kerek. Solay yetip usi so’zlerdi belgili bir ta’rtipte izbe-izlikte ma’nisine qaray baylanistirip ga’p du’ziwdi u’yretemiz. Ga’p qurawdin’ yen’ a’piwayi qag’ydalarin, misali: ha’r bir ga’pyin’ birinshi so’zi bas ha’ripten ham adamlar atlari , menshikli atamalar ga’ptin’ qay jerinde kelse de bas ha’rip penen jazilatug’an, ga’ptin’ aqirina ga’p ma’nisine qaray noqat, soraw yamasa u’ndew belgi

qoyilatyg’in yeskertip wotiw kerek. Misali: 2-klass woqiwshilarini’ jas wo’zgesheligin yesapqa alip, wolarg’a yan’ a’piwayi to’mendegidey ga’pler qurawimizg’a boladi’. Mekteptin’ aldina terekler yegilgen. Bizler tereklerge suw quyami’z. Bul gapler neshe so’zden quralg’an? Ha’r bir so’z qalay jazilg’an, ga’ptin’ aqirina ne ushin noqat belgisi qoyilg’an, ha’r bir ga’ptin’ qanday ha’ripten baslap jazilg’an degan sorawlarg’a ayriqsha diqqatin qaratiw kerek. Sonday-aw ha’r qiyli’ so’zler berip, misali: kitap, du’kan, nan h.t.b so’zlerdi ga’p ishinde keltiriw. Bunda woqitiwshi u’lgi sipatinda, kitap bilim bulag’i’. Nan tirishilik arqawi si’yaqli’ ma’nileri ga’pler keltirip wotip, woqiwshilardi da teren’ woylawg’a, izleniwshilikke shaqirip, ha’r bir ga’pin’ duris, aniq, mazmunli, ko’rkem ta’sirli yetip qurawg’a u’yretiw kerek.

Ko’p noqattin’ wornina tiyisli so’zlerdi qoyip ga’p qurawda woqiwshilardan teren’ bilimdi, logikaliq woylawdi talap yetedi:

Misali: Ba’ha’r……………..

Ku’nler:……… Quslar…………

Terekler……… Yegis……………

Mine bul ga’plerdegi noqattin’ wornina tiyisli so’zlerin qoyip toliqtiriw ushin bala s’tiraptag’I, ta’biyattag’i’ bolip atirg’an wo’zgerislerdi sanali wo’zlestiriwi kerek. Sonday-aq “Gu’z ma’wsimi” dep atalg’an su’wretke qarap ga’p quraw. Bunda da bala wo’z pikirin ga’pler arqali izbe-iz toliq bayanlawi ga’plerde so’zlerdin’ worin ta’rtibin duris saqlawina diqqat awdariw kerek.

Baslawish klasslarda gap quratiwdi u’yretiwgeana tilinde tek ga’p haqqinda temalardi’ wotkende yemes, al ha’r sabaqta, ha’r temani’ wo’tkende dissat awdari’w kerek. Sebebi barliq soz shaqaplarin ga’p ag’zalarin wo’tkende ga’p qurap, gapte keltiriw arqali tusindiriledi misali:3-klass sabaqlig’inda “Atliq haqqi’nda tu’sinik” degen tema berilgen. Bul temani wo’tkende, ha’r qiyli manidegi ga’plerdi quraw mu’mkin.

Bu’gingi ku’nde barliq bilimlendiriw mekemelerinde jan’a pedagogikaliq texnologoya da’stu’riy yemes sabaq tu;rleri ken’ qollanilip atir.Bul usildin’ artiqmashilig’i’, bunda woqiwshinin’ sabaqqa qizig’iwshilig’I artadi, yadinda uzaq saqlanadadi’, hesh biri di’qattan shette bir qalmaydi.Atliq haqqinda woqitiwshi uli’wma tu’sinik berip bolg’annan son’ bekkemlew basqishinda wotilgen temani’ kim qalay tusinip wozlestirgenin aniqlaw maqsetinde to’mendegiahe usilpaydalansa woqiwshilardin’ sabaqqa qizig’iwshilig’in arttiriwg’a yerisemiz. Bul ushin klastag’I waqiwshilardi’ kishkene to’rt toparg’a bo’lemiz. Ha’r bir toparg’a wo’z aldina tapsirma beremiz.Birinshi toparg’a menshikli atliqlarg’a yekinshi topar g’alabaliq atliqlarg’a, u’shinshi topar kim? Sorawina juwap beretug’in , to’rtinshi topar ne? sorawina juwap beretug’in atliqlar keltirip 10 minut ishinde ulgergeninshe ga’p quraw.

Bunin’ na’tiyjesin teksergende usi’ waqit ishinde qaysi’ topar neshe ga’p qurap u’lgerdi, ga’plerdegi so’zlerdin’ worin ta’rtibi orfografiyaliq punktuatsiyaliq qa’teleri, qurag’an ga’plerinin’ ma’nisi boyinsha tu’rlerin ajirata biliwin yesapqa alawi kerek.

Bul sabaqti jaris sipatinda, woyin sipatinda wo’tkeriw mu’mkin. Bunda mu’g’a’llim worayliq figura sipatinda woqilg’an ha’r bir ga’pke ha’mmenin’ diqqatin awdarip qa’te- kemshiligin aytip du’zrtip turiwi kerek.

Al woqiwshilar wo’zleri qurag’an ga’plerdi woqip, ishinen menshikli, g’alabaliq janli ha’m jansiz atliqlardi ajratip, sorawlar qoyip, ga’ptin’ ma’nisi boyinsha tu’rlerine ajratip biliwi kerek. Kelbetlik so’z shaqabin wo’tkende de aldi’ng’I’ tema menen baylanisqan halda, kelbetliktin’ aniqlamasin tusindirip, yele de tu’sinikli boli’wi’ ushin shinig’iwlar isletiledi.Misali: mazali, qizil, ashshi, qoyiw, ju’da’. Bul kelbetlik so’zlerge ma’nisi jag’inin baylani'sip keletug’in atliq so’zlergdi qosip, ga’p du’ziw tapsiriladi.

U’lgi: Bizler sayiz suwg’a shomildiq. sanliq so’z shaqabina wo’tkende bolsa, barliq so’z shaqablari’nin’ atamasi’ menen qag’iydasi’n sa’ykes keltirip, atliq atamasin kelbetlik kelbetin, tu’r tu’sin, sanli’q sani’n, mag’darin bildirip krledi dep a’piwayi’g’a til menen sorawlar qoyip tu’sindiriledi. Sanli’q so’z shaqabi’n woqwshi’lar jaqsi wo’zlestiriwi ushi, wolardin’ a’trapinda bar klass ishindegi zatlardin’ sanin keltirip ga’p dizu’w kerek. Misali; Klassta won bes parta bar. Woqiwshlardin’ uliwma sani jigirma. Solardin’ won yekisi qiz bala,al segizi yer bala. Diywalda yeki su’wret iliwli tur.

Bunday usillardi paydalansaq woqwshi da taza temani tez wozlestiredi ha’m yerkin pikrlep, duris ga’p qurap u’yrenedi.

Sonday-aq baslawish kilassta fiyil haqqida tu’sinik wo’tiledi. Fiyil bul wu’ken ken’ ma’nili so’z shaqabi. Yendi buni balalarg’a a’piwayi

Jay til menen jetkeriw kerek. Wonin’ ushin zatin’ is-ha’reketin bildiretug’in bolg’anliqtan atliqqa baylani’stirip ga’p quraymiz. Birinshi, woqi’wshi u’lgi sipatinda to’mendegishe ga’p qurasa boladi. Misali; woqi’wshinin’ is-hareketleri; woqi’wshi kitap woqiydi, bos waqitlari ata-anasina jardemlesedi.

Son’ woqi’wshilardn’ wo’zlerine ga’p du’ziwdi tapsiramiz. Misali;

| | |
|---|---|
| Qoylar | gu’llep tur |
| Jawi’n | woqi’p atir |
| Gu’lzar | jawi’p tur |
| Samalyot | wotlap ju’r |
| Yerikler | ushti’ |

Bul shinig’wda woqi’wshi atliq so’zlerge tiyisli feyil so’zlerdi tawip baylanistirip ga’p qurawi kerek. Bunda woqiwshi sol waqitin’ wo’zinde wo’z ten’leslerinin’ arasi’nda wo’zinin’ jetiskenligin, sonin’ menen birge kemshiligin ko’re aladi’ ha’m bunnan tiyisli juwmaq shigarwg’a umtiadi.

Woqiwshilarg’a ga’pti duris u’yretiwdin’ paydasi sheksiz, sebebi baslawish kilasslarda buwi’ng’a duris bo’liw, so’zdin’ birinshi qatarg’a siymay qalg’an bo’legin yekinshi qatarg’a duris wo’tkermelew, qosarli seslerdin’ ayti’li’wi’ menen jaziliwindag’i parqin ayirip biliwde ju’da’ ahmiyeti u’lken. Yag’niy wo’z pikirlerinin’ga’pte duris, izbe-iz sawatli

bayanlap duri’s jaziwg’a u’retedi. Tag’I da ahmiyetlisi sonda bul tek ana tili pani ushin yemes, al barliq panlerdi wo’zlestiwde, jamiyette wo’z

wornin  tabiwda tiykar bolari so’zsiz. Misali; ‘’tu’bir ha’m qosimta’’atli temani o’tkenimizde tu’bir so’z, wonin’ ma’nisi wog’an qosimtalar qosilg’anda payda bolatugi’n  jan’a ma’nili do’rendi so’zler, wolardin’ jaziliwi haqqinda missallar menen ken’ tu’sinik beriw kerek. Bala-liq, suw-shi’, paxta- kesh. Ayrim waqitlari tu’bir so’zge dawisli sesten baslang’an qosimtalari’ jalg’ang’anda tu’bir so’z  wo’zgeriske ushiraydi.Misali; jo’rek-jo’regi, baliq- balig’i’.

Ga’p du’ziwde bul qag’iydalardi’ biliw ju’da kerek boli’p esaplanadi.’ Sonday- aq tildegi aytiliwi’, jaziliwi’ basqa so’zlerde ga’p qurag’anda qollang’anda jaziliw qag’iydasi’n duris saqlap jaziw kerek. Misali;bashshi- basshi, qoshshi-qosshi, alip kel, a’kel, a’p kel, mashin, mashi’n. Ha’r qanday wo’tilgen taza temada woqiwshi teoryaliq qag’iydasin biliw menen birge shinig’iw islew arqali wo’z bilimin a’melde sinap, ju’zege shig’arip wotiradi.Misali; Tashkent-Wo’zbekstannin’ bas qalasi’. Wo’zbekstanda ko’p min’lag’an mektepler bar, wolarda bir neshe min’lag’an balalar, qizlar woqip atir. Wolar bir- biri menen tatiw, dos jasaydi.Wo’zbekstanda ha’m Qaraqalpaqstanda ko’p paxtashiliq kolxozlar bar. Xalqimiz abadan turmista jasaydi. Jaslar pulsiz bilim aladi.

1 Gu’rrin’de neshe ga’p bar?

2 Ga’plerdin’ aqi’ri’na nege noqat  qoyilgan?

3 Ga'plerdegi so'zler bir-birinen bo'lek jazilg'an ba, yamasa qoslip jazilg'n ba?

4 Ha'r bir ga'p qanday ha'ripten baslanip jaziladi?

Usi sorawlarg'ajuwap beriw arqali ga'ptin' qalay quraliw jollarin biliwdin' negizin jaratip baslaydi.

Ga'p qurawda so'zlerdin' baylani'si' wori'n ta'rtibi, so'zlerdi baylanistiriwshi qosimta ha'm ko'mekshi so'zler ayriqsha xizmet atqaradi'. Woqiwshi bulardi teren' tu'siniwi ushi'n woni'n' jasina say a'piwayi' tapsirma beriwge boladi'. Mi'sali'; Woqiwshi' mektep ……… Baradi. Ag'am ………qala….keldi. Men u'y…. qaytti'm. Sen kino ….. barasan'ba. Bul misallardagi' noqatlardi'n' wornina kerekli qosimta jalg'ansa g'ana wol ga'p bolatug'in, ga'ptin' ma'nisine qarap sol qosi'mta duri's jalg'awdi' u'yretiw kerek.

Sonday-aq ga'ptegi so'zlerdin' baylanistiriwda to'mendegishe shinig'iwlar isletiw arqalida u'yretiwge boladi'. Wolar (qayda?) ketti. Wolar(neni?) di'qatt penen ti'n'ladi. Kerekli so'zler; mektepke, tapsi'rmani', tu'sten keyin.

Bunda da woqiwshi sorawg'a qarap kerekli so'zdi duris tan'lap, worni'na qoya alsa, wonda woni' ani'q manili ga'pler du'ziledi.

Ga'ptegi so'zlerdi baylani'sti'ri'w ushi'n , qaysi' so'zler wo'z-ara baylanisqanin, keyin wolardi'n' worin ta'rtibin saqlap, izbe-iz jaylasqanin aniqlaw ushi'n ga'pke bir neshe sorawlar du'ziw mu'mkin. Misali'; Tog'ayda ha'r tu'rli ag'ashlar wo'sedi. Neler wo'sedi?-

ag’ashlar wo’sedi. Ag’ashlar ne qiladi’?-wo’sedi.Qayda wo’sedi?-tog’ayda, qanday ag’ashlar?-ha’r tu’rli.

Bizin’ mektep alistan jarqirap ko’rinedi. Kimnin’ mektebi?-bizin’ mektep, mektep qa’ytip korinedi? Alistan. Mine bunday sorawlarg’a juwap beriw arqali gaptegi so’zlerdin’ bir-biri menen qalay baylanisqanin, izbe-iz wori’n ta’rtibin, baslawish ha’m bayanlawishti, wolar arasindagi’ baylanis, ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalarinin’ ga’pke qatnasin aniqlap aliw mu’mkinshiligine iye boladi. Ga’plerdegi so’zlerdin’ wori’n ta’rtibi barli’q waqi’t saqlana bermeydi. Misali’; qosiq qatarlari’nda uyqasqa keltiriw ushin ga’ptegi so’zlerdin’ ori’n ta’rtibi wo’zgeredi.

Estelik

Bi’yi’l bizin’ awildan
Sali’ndi’ bir yestelik
Toparlasi’p biz mudam
Yestelikke keldik biz.

Bundag’I baslawi’sh penen bayanlawi’shtin’ worin almasiwi birinshiden uyqas ushin,yekinshden ga’ptin’ kerekligin, ta’sirshen’ligin arttiriw maqsetinde qollanilg’an.

Solay yetip baslawish klaslarg’a ga’p du’ziwdi u’yretiwdin’ jas wo’spirimlerdin’ keleshegine, ha’mme worinda wo’z ga’pin tawip so’ylewge ma’nili, ju’yeli so’ylewge bag’darlaw da ahmiyeti ku’shli.

‘’Jas waqtinda alg’an bilim, tasg’a woyilg’an nag’is’’ dep xalqimiz biykarg’a aytpag’an. Wo’z ana tilinin’ barliq wo’zine ta’n

bolg’n nizamliqlarin aniq bilip alg’an insanin’ ha’mme jerde ju’zi jarqin, tili uzin.

Bu’gingidiy woqiyman, u’yrenemen degen jasqa dunyanin’ rawajlang’an yellirinin’ yeskileri ayqara ashi’lg’an da’wirde ana tilin’di jetik biliw wog’ada ahmiyetli yekenligi mektepten baslap-aq balalardi’n’ sanasi’na sin’dirip bariw kerek.

Duri’sinda adamlar bir-biri menen pikir alisiwda, so’z ha’m so’z dizbeklerinin’ nizamli baylanisi arqali jasalg’an ga’plerden paydalaniladi.

Baslawish klasslarg’a ana tilin, ko’rip o’tkenimizdey wo’risi wog’ada ken’ ga’p qurawdi u’yreniwinin’ basqa ilimlerinin’ de sag’asi bolip tabiladi. Wo’ytkeni, woqiwshi’ wo’z ana tilinde woylaw uqiplig’ina iye. Sonin’ menen birge belgili temalar do’gereginde ga’p duziwdi u’yrengende til iliminin’ barliq tarawlari menen tani’si’wina boladi’.A’lbette mug’allim bul jerde woqiwshinin’ jas wo’zgesheligin yesapqa alg’an halda tu’sinik beriwine boladi’. Degen menen baslawi’sh klasslarda-aq til iliminin’barliq tarawlarin, kategoriyalarin bir-birine aljastirmay, teren’ tu’sinip alsa, joqari klasslarda ken’eytilgen tu’rlerin wo’tkende qiynalmaydi’.

Qaraqalpaq tilinin’ morfologiya, fonetika, sintaksis, leksikologiya,stilistika tarawlari’ bolatug’I’n bolsa, usi’ tarawdag’I’ temalardi wo’tkende, ba’rinde shinig’iwlardi’ tu’sindirwler ga’pler arqali a’melge asiriladi.

Misali’ fonetika tarawi’-tildin’ seslik ta’repi ha’m seslerge baylanisli’bolg’an qubilislardi’ izertleydi. Bunda seslerdi so’ylew ag’zalarimizda jasaliwi’, izertlewi, seslik ni’zamlar(seslerdin’ unlesligi, seslerdin’ almasiwi’ ,qisqariwi’,tu’sip qaliwi, h.t.b.) tildin’ buwin qurilisi’, pa’t normasi’, intonatsiya,,sonday-aq duris aytiliw, duris jaziliw normalari’ da fonetikag’a baylanisli’.

Solay yeken baslawish klass woqiwshilari a’lipbe arqali tanis bolg’an ha’riplerin yendi ken’irek ko’lemde u’yrene baslaydi’.sol ha’rip seslerdin’ ga’p ishinde belgili qubilis ni’zamli’qlarg’a bala so’zdi ga’p ma’nisin wo’zgerte alatug’inlig’in ug’ina baslaydi’.

Misali:

1.Bilimi ku’shli mi’n’di’ ji’g’adi’

Bilegi ku’shli birdi ji’g’adi’.

2.Ag’am japtan bilektey baliq uslap a’keldi.

Birinshi mi’salda bilek so’zinin’ aqirg’i’ sesinin’ fonetikanin’ singarmonizm nizamina muwapiq izine dawi’sli’ ses yamasa dawi’sli’ sesten baslang’an jalg’aw jalg’ansa wo’zinen aldi’ng’i’ dawissiz sesti dawi’sli’ seske aylandi’ra aliw qubi’li’si’ bayqaladi’.Al, yekinshi misalda dawissiz sesten baslang’an qosi’mtalar wonday qubilisqa ushiramaydi’.

Korip turg’ani’mi’zday bunday na’zik qupiyalardi’ tek so’zde g’ana yemes, al ma’nili ga’pler quraw arqali bilip aliwg’a boladi’.

Baslawish klass woqiwshilarina ga’p duziwdi u’yretiw arnawli’ tu’rde sintaksis tarawi’nda wo’tilse de, tildin’ morfologiyasini’n’da a’hmiyeti u’iken. Mi’sali ga’p qurag’anda uliwma ma’nili zatlardin’ ati’n bildiriwshi so’zler: adam, qag’az, da’pter,terek, ha’m zattin’ belgisin bildiriwshi sari’, qali’n’, biyik, appaq ja’ne ha’reketin an’latiwshi’:yeki ,u’sh, won, ju’z t.b. Bunday ma’nistedi so’zlerden gapler quraw arqali’ woqiwshi’ til iliminin’ morfologiya tarawina tiyisli bolg’an so’z shaqaplari’ haqqinda da xabardar bolip baradi’.

Al, sintaksiste bolsa ga’ptegi so’z dizbeklerinin’ , so’zlerdin’ bir birine baylanisidi’, ga’ptegi an’lati’p turg’an ma’nisine qaray qanday ga’p ag’zasi’ yekenligin bilip baradi’. Mi’sali: Men anamdi’ jaqsi’ ko’remen. Men- baslawi’sh, ko’remen-bayanlawi’sh , yekewi ga’ptin’ bas ag’zalari’, anamdi’ –toliqlawish, jaqsi’-pi’si’qlawi’sh.Ga’ptin’ yekinshi da’rejeli ag’zalari’.

Baylansi’wi’na kelsek, baslawish penen bayanlawi’sh bir bette kelisiw baylani’si’nda qollang’an. Anamdi’ so’zi bolsa keying so’zler menen basqariw baylani’sinda kelgen. Jaqsi’ so’zi ko’remen so’zi menen jupkerlesiw arqali baylanisip tur.

Leksikologiya tarawi’nda bolsa ma’nileri u’yreniledi. Mi’sali’:

Men jaqsi’ bala bolaman

Men jaman bala bolaman.

Ma’nileri bir-birine qarama-qarsi’ so’zler qollang’an. Bunday so’zler til iliminde antonim delinedi.Al, Tazagu’l ju’da’ shi’rayli’ qi’z. Tazagu’l suliw qi’z delinse leksikologiyada sinonim so’zler delinedi. Tu’ri basqa,

manisi bir-birine jaqin so’zler usi’lay ataladi’. Yegerde, tu’ri birdey,ma’nileri basqa so’zler bolsa omonim so’zler delinedi.

Keleshekte mugallim bolsam degen woyim bar. Uzaqtan bir u’lken woy korinedi.

Tildegi barliq so’zler, ga’pler wo’zinin’ qollaniw sitilin iye. Yag’niy qosiqtin’ wo’z stili ko’rkem shig’armanin’ wo’z stili boladi. Ayrim so’zler aytiliwi da g’ana qollanip jaziwda qolanilmayd.

`Bunday ta’repleri til iliminde stilistikada u’yreniledi. Misali; ‘’Jer ha’m yel bilendur yel ha’m jer bilen’’

Bul qosiqqa g’ana tiyisli stil

So’ylewde; wol da bizler menen barama?

Jaziwda; wol da bizler menen baradi ma?

Su’ylewde; Awildi yaman-a’ sag’indim.

Jaziwda;awildi ju’da sag’indim.

Sonday-aq tildegi turaqli so’z dizbeklerin de tu’sindirip bariw shart.

Misali; Dostim quri qol qaytip keldi. Bos, hesh na’rsesiz degen ma’niste.

Qullasi, baslawshi kilasslarg’a ga’p du’ziwdi u’yretiwde ko’rip wo’tkenimizdiy til iliminin’ barliq tarawlarinin’ tu’rli qurilmalarina ushirawimiz mu’mkin. Ga’p qurap u’yrene yekenbiz, baribir til iliminin’ barliq tarawlarinin’ tu’rli baylanisip turadi. Sebebi til pu’tin bir sistima.

Al, ahmiyeti sonnan ibarat, woqiwshilarg'a ga'p qurawdi u'yretiw arqali tilsin' joqaridag'iday tarawlarina sharlaymiz. Ga'pler du'ziw arqali til tarawina kirip baramiz. Demek, til tarawlari tuwrali teoryani, qag'iydasin g'ana yadlapbiliw jetkiliksiz. Wo'lerine sol temag'a maqsetke aniq yerisiwge boladi. Bul haqqinda aldin'g'ibo'lmimizdegi jan'a pedagogkaliq texnalogiya tikarinda woqiwshilarg'a ga'p du'ziwdi u'yretiwde ken'rek toqtap wo'tken yedik. Demik baslawish kilasslarda ga'p du'zip u'yreniwdin' ahmiyeti, wo'risi wog'ada yeken degen juw

maqqa keldik.

Ana tilinen teren' ha'm tiyanaqli bilim beriw printsipi. Bunda teren' ha'm tiyanaqli bilim tabisgirewi bolip, wol har qanday qanegenin' sol tarawdag'I miynit iskerliginin'sapali ha'm mazmunli boliwin ta'miyn yetedi. Woqiwshi pragramma talap yetken mug'dardag'I bilim tikarin wo'zlestirip g'ana qoymay, sol alg'an bilimin basshiliqqaala wotirip, woni turmis talabina saykes toliqtirip barsa g'ana tiyanaqil bilim qa'liplesken dawirge boladi.

Qarqalpaq tilin pragramma tiykarinda sonday da'rejede wo'zlestirgen woqiwshi teren' ha'm tiyanaqli bilim menen quralladirilg'sn bolip tabiladi Mug'alimnin' ana tilin u'retiwge qaratilg'an barliq ka'siplik, woqiwshiliq jumis praktikasi a'ne usigf'an bag'darlang'anboliwi sha'rt.

Qaraqalpaq tilinin' mitudikasi, mektep tajiriybesi balalarda teren' ha'm tiyanaqli bilim beriw sabaq ha'm sabaqtan tis jumislardin' qalay ha'm qaysi darejede boliwi kerek ekenligi boyinsha bay tajriybelerge iye. Sol metotikaliq talaplar menen paydali' ta'jribeler woqitiw protseslerinde

duri’s basshiliqqa ali’ni’w kerek. Bul ushin mi’na na’rselerge ayriqsha itibar beriliwi sha’rt.

a) Sabaq materiali’nin’ ani’q ha’m tu’sinikli boliwi.

b) Jan’a materialdi tusindiriwde balanin’ duris ha’m ta’sirlene aliwin yesapqa aliw, ta’sirli tu’rde qabil yetiwine yerisiw.

c) Jan’a material menen wo’tken materialdi baylanistirip bariw, alg’an bilimin sistemeli tu’rde toliqtiriw sipatinda qa’liplestiriwge bag’darlaw.

d) U’yrenip atirg’an materialina baylanisli u’yde ha’m klasta woz betinshe ha’r qiyli jumis isley aliwi.

e) Takrirlaw jumisi sistemali tu’rde bolip, mug’allim ta’repinen balanin’ talapqa juwap bererliktey materiallar menen ta’min yetilip wotiriliwi.

f) Ha’r bir sabaqtin’ woz ara baylanisliliq ha’m sho’lkemlestiriliwin ta’minlewbag’darlarinda woqitiwshilarda do’retiwshilik uqipliliqti rawajlandiriwg’a qaratilg’an boliwi.

g) Woz betinshe islenetug’in jumislardin’ sapali ha’m woqiwshilardin’ qizig’iwshilig’in arttiriwg’a beyimlengen boliwi, klasta ha’m klastsn tis jumislar protsesinde woqiwshi wo’zin yerkin seziwi kerke boladi. Bul jag’day bilimdi do’retiwshilik minezde men’girewge sebeb boladi. Mug’allim ta’repinen bolg’an ko’p g’amxorshiliq yete beriw, wonin’ wo’zinshe isley beriwine yerkinish beredi.

Mug’allim woqiwshinin’ isley aliwina wo’z bilimin praktikaliq jumis penen baylanistirip, woni sog’an ilayiq ha’r tu’rli jol menen worinlay biliwine yerisiw kerek. Berilgen jan’a bilim tek shinig’iw islew menen bekkemlenedi, wonin’ biliminin’ tiyanaqli’ boliwina mumkinshilik beredi. Mektep praktikasinda ana tili boyinsha woqiwshilardin’ wo’z-betibshe isleytugin jumislarinin’ formalari ha’m tu’rleri ko’p. Aytayiq ko’rkem shig’armalardan leksikaliq ma’nislerge baylanisli kerekli so’z ha’m so’z manilerin tabiw, wolardi tekstten wo’z aldina, yaki ga’p ishinde koshirip aliw qollaniladi’.Awizsha yamasa jazba sipatlama beriw, berilgen so’z ha’m so’z ma’nilerin paydalanip wo’zinshe baylanisli tekst du’ziw, wog’an at qoyi’w ,so’z ha’m so’z ma’nilerine baylanisli so’z woyinlarin sholkemlestirip, wog’an woqiwshilardin’ aktiv qatnasiwin ta’minlew, anaw ya minaw so’z ushirasatug’in frazeologiyaliq so’z dizbeklerin wo’z woylarina taptiriw , wolarg’a sol so’zlerdin’ ma’nisin tu’sindiriw, berilgen tekstte tu’sirilgen so’zdi ga’ptin’ ma’nisine qaray taba aliw, koshirip jaziw, so’z formalarin wo’zgerte biliw, berilgen qosimtalardin’ ja’rdemi menen so’z jasaw, so’z tu’rlendiriw, anaw ya minaw temag’a birigiw mumkin bolg’an so’zlerdi tabi’w, bir tematikaliq gruppa menen yekinshi tematikaliq gruppa arasindag’I’ ayi’rmashiliqti’ tu’sindiriw, ga’pti qayta tu’sindiriw, ken’eytilmegen ga’pti ken’eytilgen ga’pke aylandiriw, irkilis belgilerin qoyi’w, fonetikaliq , leksikaliq ha’m gramatikaliq tallaw islew, bayan ha’m shig’armalar jazi’w ,qa’teler ustinde islew h.t.b.

Bulardin’ barlig’i’ da teren’ha’m tiyanaqli’ bilim aliwdi’ ta’min yetiw ushin isleydi. Jetkilikli shi’nig’iwlar arqali’ wo’zlestirilgen

bilim umti'lmaydi', bekkem boladi'.Bunday jumi'slar ha'r bir klasti'n' wo'zgesheligine sa'ykes alip bariladi'. Jumisti'n' tu'ri de belgilengen talapqa juwap beretug'in, woqiwshilardin' qizig'iwshilig'in arttira alatug'inday boliwi' tiyis. Solay yetip woqiwshi'lardi'n' wo'z betinshe isley biliwine ko'nligip bari'win, wolardin' sanali tu'rde isley biliwin boldi'riw mug'allimnin' ti'ykarg'I' bilmlerinin' biri.Woqiwshilardin' bilimin ti'yanaqli boliwina sabaqta ju'rgiziletug'in ta'krarlaw isinin' de a'hmiyeti ulli'. Ta'krarlawdin' tiykarg'I' maqseti- woqiwshilar til bilimi Boyinsha alg'an bilimlerin bekkemlew, konligiwin keltirip shi'g'ariw, wo'tkenlerdi juwmaqlaw, bilimlerin sistemalastiri'wdan ibarat. Sonliqtan mug'allim ta'kra'rlaw jumisin jobali' tu'rde alip bari'w tiyis.

Woqitiwdin' tusinikli boli'wi printsipi woqiwshilarg'a beriletug'in materialdin' tu'sinikli boliwi, ko'binese teoriyaliq biliminin' molisherine, balanin'jas wozgesheligine, wonin' rawajlaniw da'wirine, ta'jribesine, jumis u'stu'nde konligiwine, mug'allimnin' tusindu'riwinde qollanatug'in metodi' menen usi'lina baylanisli' boladi'.

Sonliqtan mug'allim usi' jag'daylardi' yesapqa alip baradi. Sonda g'ana sabaqti'n' ma'qsetine yerisiwine boladi'. Aytayiq ilimiy mag'lumat wo'zlestiriwge qiyin bolsa, woqiwshi qiynaladi'. ILimiylik ilim mag'lumattin' koplegende yemes, wol programmada belgilengen kolemde boli'wi' kerek. Baslawish klassta seslerdi u'yretiw- wolarg'a fonemaliq minezleme beriwdi an'latpaydi'.

Tusindiriw abstract qarekterde bolmawi', al tu'siniwge qolay quraliwi sha'rt. Bazi bir jag'daylarda sabaqliqta gramatikaliq

qag'iydalardi' wo]zgertpesten sol halinda bayanllaw, sol turinde yadlap aliw ta'jribesi ushirasip qaladi.Bunda mug'allim ha'r qanday mag'lumatti wo'z so'zi menen yerkin tu'sinerli yetip bayanlawi shart. Woqiwshilarg'a mateialdi'n' tu'sinikli boliwinda wolar menen jeke jumi's islewdin' de a'hmiyeti ulli. Sebebi mug'allim ta'repinen usinilg'an materialdi' hamme woqiwshi ten'dey qabil yetiw mu'mkinshiligine iye yemes. Bunday jag'dayda ayirim woqiwshilarg'a jeke tapsirmalar beriwimz mu'mkin ha'm wonnan sol boyinsh talap yetemiz. Mi'sali:Woqiwshilar klasta wo'z betinshe islegen waqitta ayirim balalar tez islep bolip, keyiin basqalarg'a kesent beredi.Sol waqitta wog'an qosimsha jumi's tapsiriladi. Bul wonin' aktivligin, rawajlaniwshilig;in wo'sirip baradi'. Sebebi klastag'I barliq woqiwshilardin' rawajlaniwi birdey bolmaydi'. Mine, sonliqtan ha'mmege birdey talap qoyilg'anlig'I menen, birdey qatnas jasawg'a bolmaydi'. Bul wo'zgesheliklerdi yeste tutip jumis islew kerek. Sonliqtan bunday jag'daylardi yeske ala turip klasta bir teme boyinsha u'sh tu'rli tapsi'rma beriwge boladi.Sebebi jaqsi' woqiyti'n balalar ushin tapsirmanin' awirlaw tu'ri, worta woqiytinlar ushin wortasha tapsirma, to'men woqiyti'nlar ushin jen'ilerek tapsi'rma berilse boladi'. Woqiwshi berilgen tapsi'rmani' worinlag'an jag'dayda wolardin' shaqqanlig' ko'rine baslaydi. Bunday jumisti' ha'r tu'rli yetip beriw woqiwshilardi'n' shaqqanli'gi'n, bilimligin korsetedi ha'm aldimizg'a qoyilg'an ma'qsetke yerise aliwimizg'a mumkinshilik jaratadi'. Materialdi'n' woqiwshilarg'a tusinikli boliwi mug'allimnin'so'zine baylani'sli. Sonliqtan mug'allim materialdi' tusindiriwde de bayanlwin iqshamli, tu'sinikli yetip da'liller ti'ykari'nda boliwi' tiyis. Ko'pshilik

mug'allimler tek g'ana sabaqtag'ini so'ylep beriw menen sheklenedi.Mug'allimnin' so'zi I'qsham, ta'sirshen', janli', woqiwshilar sezimin woyati'wg'a tuwra keledi.

Woqitiwdi'n tu'siniklilgi a'ne usi' jag'daylardi' duri's yesapqa aliw arqali iske asiwi' mu'mkin.

Ana tilin woqitiwd klaslar arasinda baylanista boldiriwi printsipi degenimizde bunda qaraqalpaq tilin woqitiwda na'tiyjelikke yerisiw- klaslar arasindag'i' programmaliq materiallardi' baylanistiriw boladi. Misali: Baslawish klaslarda baylani's degenimizde, bul ushin programmada ji'l basinda baslawish klass materiallarin ta'krarlawdan badlanadi'. Programma ha'm sabaqliqta qaraqalpaq tili boyinsha kelesi ta'lim mazmunin u'yreniwdi sholkemlestiriwdin' alding'I klaslarda wo'tigen materiallardi' ta'krarlawdan baslaniwi' a'dette klaslar arasindag'I baylanisliq printsipin saqlaw, wonin' woqitiw isinde paydali ta'repin yeske aliwdan kelip shiqqan.Ta'krarlaw belgili bir tema, bo'limdi wo'tip bolg'annan keyin islenedi. Al, bir klastan yekinshi klasqa wo'tiw basqishindag'I ta'krarlawdi'n' xarakteri pu'tkilley basqasha. Wol aldin'g'I klasslarda u'yrenilgen teoriyaliq bilimdi sistemali tu'rde yeske tu'siriw,  yen' basli' mag'lumatlardi' belgilew usili' tiykari'da woqi'wshi'lardi'n' kelesi jan'a teoriyali'q mag'lumatlar menen qurallandi'riw protsessi jen'illestiriw, baylani'sliliqti' boldiriw bag'darinda islenedi. Demek mug'allim klaslar arasindag'I' baylanisliliq printsipin iske asiw ushin:

a)Da'slepki klasta qaraqalpaq tili boyinsha teoriyaliq bilim qaysi' ko'lemde wo'zlestirilgen bolsa, kelesi klasta ne wo'tetug'inin, usi'g'an

sa’ykes ne wo’tiletug’inin qanday ma’sele beriw kerekligin biliwge boladi’.

b) baslawish klasslar menen ilim ti’ykari’nda u’yreniw basqishindag’I’ wo’zgeshelikti usi’ basqi’shlarda ta’limnin’ xarakteri ha’m u’yreniw metodikasindag’I’ ayriqshaliqti yesapqa aliwi shart.

v) klasslar arasindag’I woqiwshilardin’ jasliq, fizieologiyaliq psixologiyaliq ha’m aqil rawajlaniwindag’I wo’zgesheliklerge qaray jan’a materialdi’ usi’ni’w menen wog’an sa’ykes metod tan’law kerek boladi’.

g)jumi’s islewdin’ metodi’ menen usili’ mug’allimnin’ taza temani tu’sindiriwi, baslawish klass penen toliq yemes wortq mekteptin’ da’slepki basqishlarinda ju’da’ ko’p ayirmashiliqlqrdi boldirmaw al a’stelik penen paydali’ usillardi’ yen’diriw ma’qsetke muwapiq keledi.

Baslawish klaslarda qa’liplesken woqiw formasinan, jan’a woqiw formasi’na wo’tiwdin’ woqiwshilar ushin sistemaliq penen izbe-izlikte saqlaw kelip shig’adi’. Bunday jag’daylarda geyde woqiwshilardin’ ana tiline degen su’yispenshiligiinin’ kemip ketiwine alip keledi. Bul ushin toli’q tani’s boliwi’, sog’an su’yene woti’ri’p taza materialdi tu’siniwi talap yetedi. Joqari klasta woqiytug’in materiallarinin’ ko’pshiligi menen woqiwshilar baslawish klassta elementar bo’liminde tani’s boladi’.

Al joqari’ klaslarda bular teren’lesip baradi’. Sonliqtan mug’allim baslawish klasta alg’an bilimine qanday jan’aliqlar qosa alatug’inin biliwi kerek. Bul sabaqti’n’ pertsepektivaliq prinsipinde keltirip

shi’g’ariladi’. Klaslar arasindag’i’ baylanis’ materiallardi’ bir-biri menen baylani’si ti’yanaqli u’renip bariwin ta’min yetedi. Woqiwshilardi’n’ so’ylew tili menen jazba tilinde qa’tege jol qoydirmawi’ sawatli so’ylew ha’m jazi’w, wolardin’ woqiwg’a degen su’yiwshiligin arttiriw, woqiw ko’nlikpelerin qa’liplestiriw- uliwma mektep aldi’ndag’I, barliq mug’allimler aldindag’I tiykarg’I’ waziypalaridin’ biri. Bul wazi’ypani worinlaw ushin mektepte woqiwshilardi’n’ so’ylew tili menen orfografiyaliq rejimi toliq a’melge asqan boliwi’, barliq ilajlar isleniwi sha’rt. Bul rejim:

a) A’debiy tilde soylewdin’ normasin saqlaw, gramatikaliq jaqtan pikirdi aniq ha’m duri’s quriwdi’, orfografiyaliq jaqtan duris jaza biliw, wol normalardi saqlay biliwin qadag’alap wotiriwi kerek.

b) Sistemali ha’m sanli tu’rde mu’g’allimnin’ sorawlarina woqiwshilardi’n’ duris juwap beriwi, tiyisli worinda so’ylewdin’ barliq ko’nlikpesine iye boliwi ha’m iske asa biliwi sha’rt. Usi talap ha’mme pa’n mug’allimleri ta’repinen kelisilgen bolsa, wonnan tiyisli na’tiyjeler alinatugi’ni so’zsiz.

c) Woqiwshilardi’n jazba jumi’slarin sistemali tu’rde tekserip bariw ha’m wolardin’ kemshiliklerin du’zetip jumislarin pedagogikaliq talapqa ilayiq bahalap bariwi, woqiwshilardin’ wo’zlerinin’ qatnasi’ menen an’li turde taliqlaw kerek

d) Mu’g’allim woqiwshilardin’ terminlerdi frazeologiyaliq birliklerin duri’s qollana biliwin qadag’alap wotiriw. Ushirasqan

taza so’zlerdi woqiwshilardi’n’ wozlerine jazdirip wolardi duris qollana biliwin qadag’alap wotiriwi kerek

Woqiwshilarda so’ylew menen jaziwg’a qoyilatug’in talaplardi’ aldin-ala biliwi, bul ushin mug’allim wolardan qanday normalar talap yetiletug’ini’n sabaq u’stinde, sabaqtan tis waqitlari tusindirip beriwi tiyis. Sonin’ menen birge mekteptegi tilge qoyilatug’in talap birligi plakatlarg’a jazilip, qoysa da boladi’.

Mi’sali’

1) Woqiwshilardi’n’ awizsha juwap beriwine talap.
2) Da’pterdi uslap tutiw qagiydasi’.
3) So’zliklerge qoyilatug’in talap.
4) Ku’ndelikli alip bariw jollari
5) Klastan tis woqiwg’a ken’es h.t.b.

Bul talaplar tek ana tili  mug’allimi tarepinen qadag’alap wotirmay al barliq pa’n mug’allimleri ta’repinen de iske asiwi mumkin. Duri’s jaziw, duris so’ylew piker aniqlig’in, wonin’ga’p qurawindag’I toliq korinisin do’retiwshiligin minezlemede iske asi’ri’w, sa’ykes ko’nlikpelerdi rawajlandi’ri’w. Bunda a’debiy til normalarinin’ toliq saqlaniwi qaraqalpaq tili  boyinsha ilim tiykarlari’n u’reniwdi’n’ basli’ waziypasi’ bolip tabiladi’.

Juwmaq.

Biz bul baslawish klaslarg’a ana tilinde ga’p du’ziwdi u’yretiw atli jumlsimizda baslawish klaslarda g’p qurap u’yretiwdin’ ana tili menen birge barliq pa’nlerdi wo’zlestiriwde bahasi’ joq bilim ka’ninin’ negizi yekenine ken’irek qamtimda so’z yettik. Ga’p duziwde u’yretiwde yen’ awiarli woqiwshi ana tildin’ qa’dir- qimbatin,ullilig’in balalarg’a ug’indirip tiyisli sabaq qurallari menen ta’sirlendirip, rawajlandi’rip ana tili, ana tili arqali ana watang’a yelge, ata-anag’a, doslarina su’yispenshilikiti arttirip bari’wi kerek. Sebebi qaraqalpaq tili sabag’I’ a’sirese ga’p qurap u’yreniw shinig’iwlari balada qorshag’an a’tirap penen, tu’r- tu’si, jaqsi’- jaman, si’patlar ishinde tuyg’ilar bolg’an quwaniw, qapa boliw syaqli sezimlerdin’ qatnasinda worinlanip bariladi’. Al, sabapti’n’ woyin usillari bolsa tapqirliqqa, shaqnliqqa uyretedi. Solay yekenbiz izertlep etirg’an ma’sele balalarda aqil woydi rawajlandiriwdin’tiykarin jaratadi’. Qaraqalapaq tilinenbilimi ku’shli woqiwshi basqa pa’nlerden de wo’zi tolag’an mag’lumati’n, bilgenin juzege shigarip naqma-naq ayti’p beriwde qi’ynalmaydi’.

Woqiwshilarg’a ga’p qurawdi’ u’yretiw ma’selesin izertlegenimizde wo’z-wo’zinen mug’allim ha’m woqiwshi arasindag’i qatnas kelip shigadi. Bizin’ ma’mleketimizde bilimlendiriwge ayriqsha diqqat qaratilg’an. Bilimlendirw salasi’, jo’nelisi de taza bag’dar aldi’, jan’a uti’mli’ usillar yengizildi. Prizdentimiz I.Karimov “Keleshek a’wlad bizdende baxi’tliraq boliwi’ kerek”- dep bul taraw xizmetkerlerine u’lken wazi’ypa jukleydi. “Ana tili haqqinda ja’ne de biybaha pikirleri jas a’wladti’ ta’rbiyalawda ha’r birimiz ushin jaratilg’an g’aziyne.” Ruwxiy du’nya insang’a ana suti, atanin’ u’lgisi

babalarimizdai’n’ wa’siyati mem]nen birge sin’edi. Ana tildin’ ulli a’hmiyeti sonnan ibarat, wol ruxiy du’nya belgisi si’patinda adamlardi jaqinlastirip ja’mlestiredi.

Sonday-aq usi ananin’ aq su’ti menen kiretug’in ana tilimizdin’ ullilig’in, qa’dirliligin, wonin’ qi’rli’, sirli’ jumbaqlarin sheshiwde mug’allimnin’ shrberligi, balanin’ tilin tabiw maqsetti ug’ittirip qadag’alap bari’wdag’i’ izlenislerine toqtadiq.Geypara jag’daylarda baslawish klass woqiwshilari ga’p penen so’zdin’ ayirmashilig’in bilmeydi.

Woqiwshilar wortasina taslang’an sorawlarg’a qandayda bolsin juwap alinip bolg’annan son’ ga’p haqqindag’I’ belgili juwmaqlasqan tu’sinikti mug’allimnin’ wo’zi iyeleydi. Solay yetip woqiwshilar ga’p haqqinda mag’lumat aladi’ ha’ wo’tilgenlerdi yeske tu’siredi.

Baslawish klaslarg’a ga’p du’ziwdi u’yretiwdi til biliminin’ payda yetken ilimiy teoriyaliq bazasina tiykarlanadi. Qaraqalpaq tilin woqitiw metodikasi’ menen til biliminin’bir-biri menen g’a’rezli ha’m baylanisli degen juwmaqqa keldik.

Mug’allimlerdegi woqi’w seminar isleri ta’jribe almasi’w, pedagogikaliq woqiw wotkeriw usag’an jumislar wo’tkeriledi. Biraq pa’ndi woqiwdi’ jaqsilawda bulda azliq yetedi.

Ga’ p du’ziwde tablitsalardan korsetpeli qurallardan paydalaniw woqiwshilarg’a biliminin’ da’slepki negizlerin qurawda paydasi’ ulken yekenligi ta’jribede tastiyiqlanip kelmekte. Tablitsalar korkem, tartimli,

ha’r tu’rli ren’li boyawlar menen islenip woqiqshilarg’a aniq ko’rinetug’in boliwi’ kerek.

Bunnan tisqari’ jan’a pedagogikaliq texnologiya usillari’ boyinsha da’stu’riy yemes sabap tu’rleri ken’ qollanilip ati’r.Woyin, jari’s, sabaq tu’rlerinin’ artiqmashilig’I’ sonda woqiwshinin’ sabaqqa qizig’iwshilig’i’ artadi’, yadi’nda uzaq saqlaydi’, hesh bir diqqattan shette qalmaydi’. Su’wretke qarap ga’p du’ziwdi uyretiwde ana balanin’ wo’z pikirin ga’pler arqali izbe-iz toliq bayanlaw, ga’plerde so’zlerdin’ worin ta’rtibin duris saqlawi’na diqqat awdari’wi kerek.

Bizin’ pikirimizshe baslawish klasta ga’p qurawdi’ u’yretiwge ana tilinde tek ga’p haqqinda temalardi’ wotiwde yemes, al ha’r sabaqta ,ha’r taza tema wo’tkende diqqat awdariw kerek sebebi barliq so’z shaqaplarin, ga’p ag’zalari’n

wo’tkende ga’p qurap, ga’pte keltiriw arqali woqiwshi mektep bag’darlamasi’ boyinsha tildin’ barliq tarawlarina kirisip baradi’.Demek, ga’p du’ziw arqali ha’m bir tarawdin’ aniqlamasin teoriyasin bekkemlep baradi’.A’lbette mug’allimnin’ ja’rdemi ha’m bag’dari menen ga’p du’zilgen. Son’ duris nadurislig’i’ mug’allim ta’repinen aniqlanip, aniq juwmaq shig’aradi.

Uliwma, biz bul jumisimizg’a bul ma’seleni usi ’ bag’darda izertlep, pikir jurittik.

Paydalang’an a’debiyatlar.

1)I. Karimov “Joqari’ ma’naviyat jen’ilmes ku’sh” Tashkent 2008-jil

2) I.Karimov “ Barkamol avlod orzusi” Tashkent sharq-1999-jil

3)B.Qutli’muratov , Qaraqalpaq tilin woqi’ti’wdin’ ayirim ma’seleleri, No’kis “Bilim” 1992-jil.

4) E.Berdimuratov, Q.Pirniyazov ,Worta mekteplerde qaraqalpaq tilin woqitiw metodikasi ,Qaraqalpaqstan, 1988-jil

5) Hazirgi qaraqalpaq tili,sintaksis, No’kis ,Qaraqalpaqstan , 1986-jil

6) A’ Nasrullaev, Q Xojanazarov , Qaraqalpaq tili sabag’i’n ko’rsetpeli woqitiw ma’seleleri ,No’kis ,Bilim-1991-jil

7)Ha’zirgi qaraqalpaq tili, Morfologiya,No’kis ,Qaraqalpaqstan,1981-jil

8) Qaraqalpaq tili 4-klass ushin sabaqliq, Nokis ,Qaraqalpaqstan,1980jil

9) Qaraqalpaq tili 5-klass ushin sabaqliq,No’kis,Qaraqalpaqstan 1990-jil

10) “Ustaz” gazetasi’ 2002-jil.

11) B.Qutlimuratov,T.Kenjenaeva,Qaraqalpaq tili morfologiyasin woqitiw usillari, Nokis , Bilim 1996-jil

12) E. Da’wenov, Qaraqalpaq tili,3-klass sabaqliq,No’kis, “Bilim” , 1997-jil

13) B. Qutlimuratov, Qaraqalpaq tili, 2- klass ushin sabaqliq, No’kis. Bilim, 1997-jil.

14) M.Dawletov , Ha’zirgi qaraqalpaq tilinin’ punktuatsiyasi’, Nokis, Bilim, 1998-jil.

15) Qaraqalpaqstan jaslari, ga’zetasi’, 2002jil .

16) Qaraqalpaq tili, B. Qutlimuratov, 2-klass ushin sabapliq, Nokis , Bilim, 1997-jil

17) Baslawish mektep jurnali’, Nokis ,1992-jil.

18)B.Qutli’muratov, T. Kenjebaev, Qaraqalpaq tilinin’ morfologiyasi’n woqi’ti’w usi’llari’, No’kis 1996-jil

19) A. Dawletov, M. Dawletov, M. Qudaybergenov,Qaraqalpaq tili imla qag’i’ydalari’nni’n’ ji’ynag’i’, No’kis ,Bilim, 2011-ji’l.

20)A.Najimov, Ha’zirgi qaraqalpaq tili sintaksisi,1990-jil .

21)Ha’zirgi qaraqalpaq tili sintaksisi , No’kis, 1986-jil

22)Ha’zirgi qarqalpaq a’debiy tilinin’ grammatikasi, Sintaksis, No’kis, 1992-jil

23)Ye.Berdimuratov, A. Bekbergenov, Q.Pirniyazov, Ha’zirgi qaraqalpaq tili shinig’iwlar jiynag’i, No’kis, 1991-jil